Приложение № 1

Утверждена  в составе ООП ООО

Приказ МБОУ «Гребенская СОШ»

от 25. 08.2022 г. № 192/1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

# УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА

# «Родной язык (чеченский)»

**(предметная область «Родной язык и родная литература»)**

**5-9 класс**

**ст.Гребенская 2022**

# «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан Герггара белхан программа

## (коьртачу йукъарчу дешаран хьукматийн 5– 9 классашна)

**Чулацам**

Довзийтаран кехат;

«Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан йукъара характеристика;

«Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предмет Іаморан Іалашонаш;

Дешаран планехь «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан меттиг;

«Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан чулацам;

5 класс

6 класс

7 класс

8 класс

9 класс

Коьртачу йукъарчу дешаран тІегІанехь «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предмет карайерзоран кхочушдан лору жамІаш

Личностни жамІаш

Метапредметни жамІаш

Предметни жамІаш

5 класс

6 класс

7 класс

8 класс

9 класс

Тематикин планировани

5 класс

6 класс

7 класс

8 класс

9 класс

Коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь нохчийн меттан Герггара белхан программа кечйина коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан (Россин серлонан министерствон 2021 шеран хIутосург беттан 31-чу дийнан № 287 йолу омра, Россин Федерацин юстицин министерствос дIайаздина 2021 шеран хьаьттан беттан 5-чу дийнахь, дIайаздина Лоьмар – 64101) (кхин дIа – КЙД ФПДС), кхетош-кхиоран Герггарчу хьесапехь программин, РФ-н серлонан министерствон Коллегис 2019 шеран эсаран беттан 1-чу дийнахь тIечIагIйинчу Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепцин, Нохчийн меттан институтан Iилманан кхеташоно тIечIагIйинчу нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран Концепцин (2022 шеран хIутосург беттан 12-чу дийнан № 3 йолу Протокол) буха тIехь, коьртачу йукъарчу дешаран Коьрта дешаран программа карайерзоран жамIийн классашка дIасабекъна толлу лехамаш тидаме а оьцуш.

**ДОВЗИЙТАРАН КЕХАТ**

Герггара программа хIоттийна нохчийн меттан хьехархочунна ишколан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу дешаран предметан белхан программа хIоттош, методически гIо-накъосталла даран Iалашонца.

Герггарчу белхан программо хьехархочун таро хуьлуьйтур йу:

1) нохчийн мотт хьехаран процессехь коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь билгалдаьхначу Iаморан личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхачош долу хIинцалера некъаш кхочушдан;

2) Коьртачу йукъарчу дешаран Герггарчу коьртачу дешаран программица; кхетош-кхиоран Герггарчу программица (йукъарчу дешарехула йолчу федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца магийна, 2020 шеран асаран беттан 2-чу дийнан № 2/20 йолу протокол); РФ-н серлонан министерствон Коллегис 2019 шеран эсаран беттан 1-чу дийнахь тIечIагIийинчу Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепцица; Нохчийн меттан институтан Iилманан кхеташоно тIечIагIийинчу нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран Концепцица (2022 шеран хIутосург беттан 12-чу дийнан № 3 йолу Протокол) догIуш Iаморан кхочушдан лору жамIаш а, Iаморан шерашца «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан чулацам а къасто а, хIоттамца дIанисбан а;

3) билггал йолчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта дакъойн/темийн Iаморан коьчал карайерзорхьама йалийнчу дешаран гIуллакхдаран коьртачу кепех пайда а оьцуш, рузманан-тематикин планировани кечйан.

Личностни а, метапредметни а жамIаш далийна, коьртачу йукъардешаран ишколехь нохчийн мотт хьехаран башхаллаш тидаме а оьцуш.

**«НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА**

Нохчийн мотт – нохчийн халкъан ненан мотт, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт.

Нохчийн мотт хааро а, цуьнан тайп-тайпана кепаш, функциональни тайпанаш карадерзоро а, цуьнан стилистически башхаллех, суртхIотторан таронех кхетаро а, нохчийн маттах тайп-тайпанчу тIекаренан хьелашкахь нийса а, эвсараллица а пайдаэца хааро а билгалдоккху адаман кхиаме хилар.

Нохчийн матто, шен тIекаренан а, ойла йовзийтаран а коьрта функцеш кхочушйеш, адамашна йукъахь уьйр латтайо, адаман кхетам а, дог-ойла а кхолларехь дакъалоцу; нохчийн мотт нохчийн халкъан хаамаш, оьздангаллин ламасташ, истори ларйаран а, йовзийтаран а коьрта гIирс бу.

Ишколехь нохчийн мотт Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектан а, кхоллараллин а говзалла, ойлайар, иэс, суртхIоттор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

Нохчийн мотт Iаморан чулацам иштта тIехьажийна бу функциональни говзалла, адаман йешаран, текстех кхетаран, тайп-тайпанчу барамийн

текстийн хаамах пайдаэцаран, цуьнан мах хадоран, цунах ойлайаран, шен Iалашонашка кхачаран, шен хаарш а, таронаш а шорйаран, йукъараллин дахарехь дакъалацаран интегративни хаар санна, кхиорна. Къамелан а, текстан а гIуллакх нохчийн меттан ишколан курсан къепе кхолларехь коьртаниг ду.

Цаьрца догIуш долу хаарш а, карадерзарш а далийна Iаморан метапредметни, предметни жамIийн ларамехь, Iаморан чулацамехь (дакъош: «Мотт а, къамел а», «Текст», «Меттан функциональни тайпанаш»).

## «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран программашца нохчийн мотт Iаморан Iалашонаш йу:

патриотизмах кхетар а, иза гучуйаккхар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин шолгIа пачхьалкхан мотт санна, нохчийн халкъан къоман мотт санна ларар; маттаца нохчийн халкъан син хьал лардаран, довзийтаран кепе а, тIекаренан гIирсе а санна кхетаме йукъаметтиг хилар; нохчийн културе ларам гучубаккхар;

нохчийн мотт адаман кхиаран гIирс, йукъараллин уьйр кхолларан гIирс санна караберзор;

нохчийн маттах, цуьнан дIахIоттамах, функцех, нохчийн меттан стилистически гIирсех хаарш карадерзор; литературин меттан норманаш а, къамелан оьздангалла а практикехь карайерзор; жигара пайдаоьцучу а, нуьцкъаллин а дешнийн хьал тодар а, шен къамелехь тайп-тайпанчу грамматически гIирсех пайдаэцар а; орфографически а, пунктуационни а говзалла кхачаме йалор, шен къамел кхачаме далоран лаам кхиор;

къамелан гIуллакх, адамашна йукъарчу куьцан а, куьцан доцучу а тIекаренан хьелашкахь гонахарчу нахаца эвсара йукъаметтигаш латтош долу коммуникативни карадерзарш кхачаме далор; нохчийн мотт тайп-тайпана хаамаш бовзаран гIирс санна караберзор;

ойланан гIуллакх кхачаме далор, нохчийн мотт Iаморехь дустаран, анализан, синтезан, жамIдаран, тайпанашка дIасадекъаран, билгала йолу бакъонаш дIахIитторан, универсальни интеллектан карадерзарш кхиор;

функциональни говзалла кхиор: хаамийн лехам кхочушбаран, оьшу хаам схьакъасторан а, хийцаран а, тайп-тайпанчу барамехь йолчу текстийн чулацам тидаран, царах кхетаран, пайдаэцаран хаарш; текстан хааман-маьIнин йухакечдаран стратеги а, говзалла а, некъаш а карадерзор; текстах, цуьнан гIуллакхах, йукъарчу маьIнех, маьIнин дIахIоттамах, авторан коммуникативни Iалашонах, меттан гIирсийн гIуллакхах кхетаран кепаш карайерзор.

**ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)»**
**ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ**

Коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца догIуш, «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметни областана, Iамо декхарийлахь долу предмет а йу.

Герггарчу белхан программехь балийна «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предметан чулацам богIуш бу КЙД ФПДС а, коьртачу йукъарчу дешаран Герггарчу коьртачу дешаран программица а.

Дешаран хьесапца нохчийн мотт Iаморна билгалдаьккхина 476 сахьт: 5 классехь – 102 сахьт (кIиранахь – 3 сахьт), 6 классехь – 102 сахьт (кIиранахь – 3 сахьт), 7 классехь – 102 сахьт (кIиранахь – 3 сахьт), 8 классехь – 102 сахьт (кIиранахь– 3 сахьт), 9 классехь – 68 сахьт (кIиранахь – 2 сахьт).

**«НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ**

**5 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Нохчийн меттан хьал а, исбаьхьалла а.
Лингвистика маттах лаьцна Iилма санна.
Лингвистикин коьрта дакъош.

**Мотт а, къамел а**

Мотт а, къамел а. Барта а, йозанан а къамел, монолог а, диалог а, полилог.

Къамелан гIуллакхан тайпанаш (къамел дар, ладогIар, йешар, йаздар), церан башхаллаш.

Дахарехь биначу тидамийн буха тIехь а, Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме литература йешаран буха тIехь а барта монологан аларш кхоллар.

Йешна йа ладоьгIна текст, цу йукъахь дуьйцуш волчун йуьхь хуьйцуш а, барта схьайийцар.

Лингвистически теманашна а (Iамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тIехь йолчу теманашна а диалогехь дакъалацар.

Маршалла хаттаран, Iодикайаран, дехаран, баркаллин къамелан кепаш.

Дахарехь а, книгаш йешарехь а зеделлачунна, чулацаман суьртана тIе а тевжаш, тайп-тайпана сочиненеш йазйар (цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш а).

ЛадогIаран тайпанаш: харжаман, довзийтаран, дуьхенгара.

Йешаран тайпанаш: Iаморан, довзийтаран, хьажаран, лехаман.

**Текст**

Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Текстан тема а, коьрта ойла а. Текстан микротема. Коьрта маьIна чулоцу дешнаш.

Къамелан функциональни-маьIнин тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайар; церан башхаллаш.

Текстан композиционни дIахIоттам. Абзац текст композиционни-маьIнин дакъошка йекъаран гIирс санна.

Текстан дакъош а, предложенеш а вовшахтосу гIирсаш: дешан кепаш, цхьанаораман (гергара) дешнаш, синонимаш, антонимаш, йаххьийн цIерметдешнаш, дешан йухаалар.

Дийцар къамелан тайпа санна. Дийцар.

Текстан маьIнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн, абзацийн, текстехь предложенеш вовшахтосучу гIирсийн а, кепийн а; меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцар (Iамийнчун барамехь).

Йешначу йа ладоьгIначу текстан чулацам ма-барра а, хоржуш а, бацбина а схьабийцар. Дийцархочун йуьхь а

хуьйцуш, текстан чулацам схьабийцар.

Текстан хаамаш хийцар: текстан цхьалхе а, чолхе а план.

**Меттан функциональни тайпанаш**

Меттан функциональни тайпанех лаьцна йукъара кхетам (буьйцучу маттах, функциональни стилех, исбаьхьаллин литературин маттах).

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Фонетика. Графика. Орфоэпи**

Фонетика а, графика а лингвистикин дакъош санна.

Аз меттан дакъа санна. Озан маьIна къасторан гIуллакх. Нохчийн меттан мукъачу аьзнийн къепе.

Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн къепе.

Элпийн а, аьзнийн а дазар. Нохчийн алфавитан хIоттам.

Мукъа аьзнаш: деха а, доца а.

Мукъаза аьзнаш: къора а, зевне а.

Сонорни мукъаза аьзнаш.

Къамел дарехь аьзнийн хийцадалар. Фонетически транскрипцин элементаш.

Нохчийн маттахь дешдакъа. Дешдакъа дешан дакъа санна. Тохар.

Дош фонетически къастор.

Орфоэпи лингвистикин дакъа санна.

Интонаци (йиш), цуьнан функцеш. Интонацин коьрта элементаш.

**Орфографи**

Орфографи лингвистикин дакъа санна.

***Й*** элпан нийсайаздар.

Къасторан ***ъ, ь*** хьаьркийн нийсайаздар.

**Лексикологи**

Лексикологи лингвистикин дакъа санна.

Дош – меттан коьрта дакъа. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш; дешан нийса а, тIедеана а маьIна.

Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.

Лексически дошамийн тайпанаш а (маьIнин дошам, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамаш), ненан меттан дешнийн хьал карадерзорехь цара ден гIуллакх а.

ЦIена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш.

**Фразеологи**

Фразеологизмаш, церан маьIна, царах пайдаэцар.

Фразеологически эквиваленташ оьрсийн маттахь.

Фразеологически дошамаш.

**Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а**

Морфема меттан уггар жима маьӀне дакъа санна. Морфемийн тайпанаш.

Дешан лард а, чаккхе а. Орам, дешхьалхе, суффикс.

Цхьанаораман (гергара) дешнаш.

Дошкхолладалар а, дошхийцадалар а.

Нохчийн маттахь дешнаш кхолладаларан коьрта кепаш. Дешнаш кхолладаларехь а, хийцадаларехь а морфемашкахь мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн хийцадалар.

Дешнаш кхолладаларан морфемни кеп (дешхьалхенан гӀоьнца, суффиксан гӀоьнца, дешхьалхенан а, суффиксан а гӀоьнца). Лардаш вовшахкхетарца дешнаш кхолладалар. Чолхе дешнаш. Чолхе-даццдина дешнаш.

Дешан морфемни анализ.

**Морфологи. Къамелан оьздангалла. Орфографи**

Морфологи лингвистикин дакъа санна.

Коьрта къамелан дакъош. Къамелан дакъойн семантически, морфологически, синтаксически башхаллаш.

Коьрта къамелан дакъош, церан грамматически маьӀна, морфологически билгалонаш, синтаксически гӀуллакх.

**ЦӀердош**

ЦӀердош къамелан дакъа санна. ЦӀердешан йукъара грамматически маьӀна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цӀердешан гӀуллакх.

Долахь а, йукъара а цӀердешнаш. ЦӀердешнийн грамматически классаш. ЦӀердешнийн терахь. Цхьаллин йа дукхаллин терахьан кеп бен йоцу цӀердешнаш.

ЦӀердешнийн легарш. Диъ легар. Дожарийн маьӀна.

ЦӀердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар. ЦӀердешнаш кхолладаларан некъаш.

ЦӀердешнаш морфологически къастор.

Долахь цӀердешнийн нийсайаздар.

ЦӀердешнашца ***ца*** нийсайаздар.

Оьрсийн маттара тӀеэцначу цхьадолчу цӀердешнийн нийсайаздар.

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

Синтаксис лингвистикин дакъа санна.

Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а нохчийн меттан синтаксисан дакъош санна. Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта тайпанаш (цӀеран а, хандешан а).

Предложени а, цуьнан билгалонаш а. Предложенийн тайпанаш, аларан Ӏалашоне а, эмоцин билгалоне а хьаьжжина.

Дийцаран, хаттаран, тӀедожоран; айдаран а, айдаран йоцчу а предложенийн маьӀнин а, интонацин а башхаллаш.

Предложенин коьрта меженаш (грамматически лард).

Подлежащи а, сказуеми а предложенин коьрта меженаш санна.

Сказуемин подлежащица барт хилар.

Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе.

Йаьржина а, йаржаза а предложенеш. Предложенин коьртаза меженаш: къастам, кхачам, латтам. Къастам а, и гайтаран тайпаналлин гӀирсаш а. Кхачам а (нийса а, лач а), и гайтаран тайпаналлин гӀирсаш а. Латтам а, и гайтаран тайпаналлин гӀирсаш; маьӀне хьаьжжина, латтамийн тайпанаш (хенан, меттиган, даран суьртан, Ӏалашонан, бахьанин, бараман).

Предложенин цхьанатайпана меженаш, къамелехь цара деш долу гӀуллакх. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенийн интонацин башхаллаш.
Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш долу предложенеш.

ТӀедерзарца йолу предложени, интонацин башхаллаш.

ТӀедерзар а, и гайтаран гӀирсаш а.

Цхьалхечу предложенин синтаксически анализ.

Ма-дарра къамелаца йолу предложенеш.

Ма-дарра къамелаца йолу предложенеш пунктуационни кечйар. Диалог.

Йозанехь диалог пунктуационни кечйар. Пунктуаци лингвистикин дакъа санна.

## 6 КЛАСС

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, нохчийн историн, культурин синъоьздангалле кхачоран гӀирс а.

Литературин маттах лаьцна кхетам.

**Мотт а, къамел а**

Монолог-суртхӀоттор, монолог-дийцар, монолог-ойлайар; лингвистически темина хаам.

Диалоган тайпанаш: гӀуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар.

**Текст**

Текстан маьӀнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн а, абзацийн а, текстехь предложенеш вовшахтосучу кепийн а, гӀирсийн а; меттан суртхӀотторан гӀирсех пайдаэцар (Ӏамийнчун барамехь).

Текстан хаамаш хийцар. Текстан план (цхьалхе, чолхе; цӀеран, хаттаран); текстан коьрта а, коьртаза а хаам; текст схьайийцар.

СуртхIоттор къамелан тайпа санна.
Адаман куьцан суртхIоттор.
ХIусаман суртхIоттор.
Iаламан суртхIоттор.
Меттиган суртхIоттор.
Дарийн суртхIоттор.

**Меттан функциональни тайпанаш**

ГIуллакхан стиль. ДIахьедар. Расписка. Iилманан стиль. Дошаман статья. Iилманан хаам.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Морфологи. Къамелан оьздангалла. Орфографи**

**Билгалдош**

Билгалдош къамелан дакъа санна. Билгалдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь билгалдешан гIуллакх.

Билгалдашо цIердашца бартбар. Мухаллин а, йукъаметтигаллин а билгалдешнаш. Берта а, бертаза а билгалдешнаш. Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш.

Мухаллин билгалдешнийн даржаш. Йуьхьанцара дарж. Дустаран дарж. ТIехдаларан дарж.

Билгалдешнаш терахьашца а, классашца а хийцадалар. Билгалдешнийн легар. Билгалдешнаш кхолладаларан некъаш.

Билгалдешнаш морфологически къастор.

Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар.

ТIеэцначу билгалдешнийн нийсайаздар.

**Терахьдош**

Терахьдош къамелан дакъа санна. Терахьдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь терахьдешан гIуллакх.

МаьIне хьаьжжина, терахьдешнийн тайпанаш: масаллин, рогIаллин терахьдешнаш.

ХIоттаме хьаьжжина, терахьдешнийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе, хIоттаман терахьдешнаш. Берта а, бертаза а терахьдешнаш. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнийн легадалар, алар, нийсайаздар. Терахьдешнийн кепаш нийса кхоллайалар.

Гулдаран терахьдешнех нийса пайдаэцар.

Терахьдешнаш морфологически къастор.

Терахьдешнийн нийсайаздаран норма: терахьдешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар, терахьдешнийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар.

**ЦIерметдош**

ЦӀерметдош къамелан дакъа санна. ЦӀерметдешан йукъара грамматически маьӀна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цӀерметдешан гӀуллакх.

МаьӀне а, грамматически билгалонашка а хьаьжжина, цӀерметдешнийн тайпанаш. ЦӀерметдешнийн легар. ЦӀердешнаш, билгалдешнаш санна легалуш долу цӀерметдешнаш. Йаххьийн цӀерметдешнаш цӀерниг а, лач а дожаршкахь. Йаххьийн цӀерметдешнийн **(*вай, тхо)*** тайп-тайпана маьӀна. ЦӀерметдашо цӀердашца бартбар. Хаттаран а, йукъаметтигаллин а цӀерметдешнийн башхалла.

ЦӀерметдешнийн нийсайаздар.

Предложенехь цӀерметдешан гӀуллакх.

ЦӀерметдешнаш морфологически къастор.

**Хандош**

Хандош къамелан дакъа санна. Хандешан йукъара грамматически маьӀна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь хандешан гӀуллакх.

Инфинитив а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Инфинитиван суффиксаш: ***-а, -о, -ан, -ен, -он.***

Хандешан хенаш. МаьӀна а, пайдаэцар а. Карара хан, йахана хан, йогӀу хан.

Карарчу хенан хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар.

Йахана хан, цуьнан кепаш. Йаханчу хенан кепаш кхоллайалар. Йаханчу хенан хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар.

ЙогӀу хан, цуьнан кепаш. ЙогӀучу хенан кепаш кхоллайалар.

Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а кепаш.

Хандешан терахьашца а, классашца а хийцадалар.

Хандешнаш морфологически къастор (Ӏамийнчун барамехь).

**7 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Нохчийн мотт кхуьуш болу хилам санна. Къоман меттан, культурин, историн уьйр.

**Мотт а, къамел а**

Монолог-суртхӀоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар.

Диалоган тайпанаш: гӀуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар, хаамах жоп дехар, хаам бар.

**Текст**

Текст къамелан произведени санна. Текстан коьрта билгалонаш (жамӀ дар).

Текстан дӀахӀоттам. Абзац.

Текстан хаамаш хийцар: текстан план (цхьалхе, чолхе;

цIеран, хаттаран, тезисан); текстан коьрта а, коьртаза а хаам.

Текстехь предложенеш вовшахтосу гIирсаш а, кепаш а (жамI дар).

Текстехь меттан суртхIотторан гIирсаш.

Ойлайар къамелан функциональни-маьIнин тайпа санна.

Текстан-ойлайаран дIахIоттаман башхаллаш.

Текстан маьIнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн а, абзацийн а, текстехь предложенеш вовшахтосучу кепийн а, гIирсийн а; меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцар (Iамийнчун барамехь).

**Меттан функциональни тайпанаш**

Меттан функциональни тайпанех лаьцна кхетам: буьйцу мотт, функциональни стилаш (Iилманан, публицистикин, гIуллакхан), исбаьхьаллин литературин мотт.

Публицистикин стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш.

Публицистикин стилан жанраш (репортаж, йоза, интервью).

Публицистикин стилехь йолчу тексташкахь меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцар.

ГIуллакхан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Морфологи. Къамелан оьздангалла**

Морфологи меттан Iилманан дакъа санна (жамI дар).

**Хандош**

Хандешан 1-ра а, 2-гIа а спряженеш. Дешан орамехь мукъа аьзнаш хийцадалар.

Кхечуьнга довлу а, ца довлу а хандешнаш.

Хандешан билгала, бехкаман, лааран, тIедожоран саттамаш. Хандешан хаттаран а, латтаман а кепаш.

Хандешнашца дацаран дакъалгаш (***ца, ма***) нийсайаздар. Хандош морфологически къастор.

**Причасти**

Причасти хандешан кеп санна. Причастехь хандешан а, билгалдешан а билгалонаш. Предложенехь причастин синтаксически гIуллакх.

Причастин хенаш. Лааме а, лаамаза а причастеш. Причастин легар.

Причастин карчам.

Причасти морфологически къастор.

Причастийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар. Причастешца суффиксаш нийсайазйар. Причастеш кхоллайалар.

Цхьайолу причастеш цIердешнашка а, билгалдешнашка а йерзар. Причастешца ***ца*** цхьаьна а, къаьстина а йаздар.

Причастин карчамца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

**Деепричасти**

Деепричасти хандешан кеп санна. Деепричастехь хандешан а, куцдешан а билгалонаш. Предложенехь деепричастин синтаксически гIуллакх.

Деепричастин хенаш.

Деепричастин карчам. Деепричастица а, деепричастин карчамца а йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Деепричастешца дацаран дакъалг ***ца*** нийсайаздар.

**Масдар**

Масдаран коьрта грамматически билгалонаш а, предложенехь цуьнан синтаксически гIуллакх а.

Масдаран грамматически категореш: терахь, классан гайтам.

Масдаран легар.

Масдаран карчам. Масдаран карчамехь сацаран хьаьркаш.

Масдарца ***ца*** нийсайаздар.

**Куцдош**

Куцдашах кхетам. Куцдешнийн йукъара грамматически маьIна.

Куцдешнийн тайпанаш. Куцдешнийн дустаран даржаш.

Куцдешнийн кхолладалар.

Куцдешан синтаксически гIуллакх.

Куцдош морфологически къастор.

Куцдешнийн нийсайаздар: цхьаьна, къаьстина, дефисца йаздар.

**ГIуллакхан къамелан дакъош**

ГIуллакхан къамелан дакъойх йукъара кхетам. Коьрта къамелан дакъош гIуллакхан къамелан дакъойх къастор.

**ДештIаьхье**

ДештIаьхье гIуллакхан къамелан дакъа санна.

ДештIаьхье, цуьнан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх.

ДештIаьхьенийн тайпанаш.

Кхечу къамелан дакъойх кхоллайелла дештIаьхьенаш. Церан нийсайазйар.

**Хуттург**

Хуттург гIуллакхан къамелан дакъа санна. Хуттург предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенин дакъош а вовшахтосу гIирс санна.

Хуттургийн тайпанаш, шайн хIоттаме хьаьжжина: цхьалхе, чолхе, хIоттаман. ХIоттаман хуттургийн нийсайазйар.

Хуттургийн тайпанаш, шайн маьIне хьаьжжина: цхьаьнакхетаран а, карара а.

Текстехь хуттургийн маьIна. Къамелехь хуттургех, церан маьIне хьаьжжина, пайдаэцар. Хуттургех предложенеш а, текстан дакъош а вовшахтосучу гIирсех санна пайдаэцар.

Предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенийн дакъош а вовшахтосучу хуттургашца (***а, йа)*** йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

**Дакъалг**

Дакъалг гIуллакхан къамелан дакъа санна.

Дакъалгийн тайпанаш, шайн маьIне а, пайдаэцаре а хьаьжжина.

Дакъалгийн нийсайаздар. Тайп-тайпанчу къамелан дакъошца дакъалгаш дефисца а, къаьстина а йаздар.

**Айдардош**

Айдардашах кхетам. Къамелехь айдардешан маьIна. Айдардешан билгалонаш. Айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Азтардаран дешнаш.

Айдардешнийн интонацица а, сацаран хьаьркашца а къастор.

**8 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Нохчийн мотт кавказан кхечу къаьмнийн меттанашна йукъахь.

**Мотт а, къамел а**

Монолог-суртхIоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар; Iилманан хаамца къамел дар.

Диалог.

**Текст**

Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а.

Къамелан функциональни-маьIнин тайпанийн башхаллаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар).

Текстан хаамаш хийцар: тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам схьахаржар; лингвистически дошамех пайдаэцар; тезисаш, конспект.

**Меттан функциональни тайпанаш**

ГӀуллакхан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш.

ГӀуллакхан стилан жанраш (дӀахьедар, кхеторан кехат, автобиографи, характеристика).

Ӏилманан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш.

Ӏилманан стилан жанраш (реферат, Ӏилманан темина доклад). Текстехь меттан тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн цхьаьнадар, текстехь предложенеш вовшахтосу гӀирсаш.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

Синтаксис лингвистикин дакъа санна.

Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а синтаксисан дакъош санна. Пунктуаци. Сацаран хьаьркийн функцеш.

**Дешнийн цхьаьнакхетар**

Дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта билгалонаш.

Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран тайпанаш: хандешан а, цӀеран а.

Дешнийн цхьаьнакхетарехь карарчу уьйран кепаш: бартбар, урхалла, тӀетовжар.

Дешнийн цхьаьнакхетарийн синтаксически анализ.

**Предложени**

Предложени. Предложенин коьрта билгалонаш: маьӀнин а, интонацин а йуьзна хилар, грамматически кечйар.

Предложенийн тайпанаш, аларан Ӏалашоне хьаьжжина, (дийцаран, хаттаран, тӀедожоран), эмоцин билгалоне хьаьжжина, (айдаран, айдаран йоцу). Церан интонацин а, маьӀнин а башхаллаш.

ТӀедожоран предложенешкахь меттан тӀедожоран кепех пайдаэцар.

Барта а, йозанан а къамелехь предложенеш кечйаран гӀирсаш (интонаци, маьӀнин тохар, сацаран хьаьркаш).

Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (цхьалхе, чолхе).

Коьрта меженаш хиларе хьаьжжина, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (цхьанахӀоттаман, шинахӀоттаман).

Коьртаза меженаш хиларе хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (йаьржина, йаржаза).

Йуьззина а, йуьззина йоцу а предложенеш.

Диалоган къамелехь йуьззина йоцчу предложенех пайдаэцар, барта къамелехь йуьззина йоцчу предложенин интонаци ларйар.

***ХIаъ, хIан-хIа*** дешнащца йолчу предложенийн грамматически а, пунктуационни а, интонацин а башхаллаш.

Цхьалхе предложени хIотторан а, инверсех пайдаэцаран а норманаш.

**ШинахIоттаман предложени**

**Предложенин коьрта меженаш**

Подлежащи а, сказуеми а предложенин коьрта меженаш санна. Подлежащин хиларан кепаш. Подлежащин тайпанаш.

Сказуемин тайпанаш а (хандешан цхьалхе, хандешан хIоттаман, цIеран хIоттаман), сказуемин хиларан кепаш а.

Подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире.

**Предложенин коьртаза меженаш**

Предложенин коьртаза меженаш, церан тайпанаш.

Къастам предложенин коьртаза меже санна. Берта а, бертаза а къастамаш.

Йуххедиллар къастаман шатайпа кеп санна. Кхачам предложенин коьртаза меже санна. Нийса а, лач а кхачамаш.

Латтам предложенин коьртаза меже санна. Латтамийн тайпанаш (меттиган, хенан, бахьанин, Іалашонан, даран суьртан, дуьхьалара, бехкаман, бараман).

**ЦхьанахIоттаман предложени**

ЦхьанахIоттаман предложенеш, церан грамматически билгалонаш.

ЦхьанахIоттаман предложенийн а, шинахIоттаман йуьззина йоцчу предложенийн а грамматически башхаллаш.

ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш: цIеран, билгала-йуьхьан, билгалза-йуьхьан, йукъара-йуьхьан, йуьхьза предложенеш.

Къамелан тайп-тайпанчу стилашкахь цхьанахIоттаман предложенех пайдаэцар.

**Чолхейаьлла цхьалхе предложени. Цхьанатайпанчу меженашца предложенеш**

Предложенин цхьанатайпана меженаш, церан билгалонаш, вовшахтосу гIирсаш. Предложенин цхьанатайпанчу меженийн уьйр: хуттургаш йолу а, хуттургаш йоцу а. Интонаци, сацаран хьаьркаш.

Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш.

Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш долу предложенеш.

Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш долчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш.

Йух-йуха йалочу ***а, йа*** хуттургашца йозучу цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш

хIитторан норманаш.

**Шакъаьстинчу меженашца йолу предложенеш**

Шакъастар. Шакъаьстинчу меженийн тайпанаш (шакъаьстина къастамаш, шакъаьстина йуххедилларш, шакъаьстина латтамаш).

Латтамийн дурсаш.

**ТIедерзаршца а, йукъайалочу, йукъахIитточу конструкцешца а йолу предложенеш**

ТIедерзар. ТIедерзаран коьрта гIуллакх.
Даьржина а, даржаза а тIедерзар.

Йукъайало конструкцеш.

Йукъайалочу конструкцийн тайпанаш, маьIне хьаьжжина, (тешна хилар йа цахилар, тайп-тайпана синхаамаш, хаам хьаьнгара бу, ойланийн рогIалла а, церан уьйр а, кечйаран кепаш а гойтучу маьIнехь йукъадало дешнаш).

ЙукъахIитто конструкцеш.

Предложенин меженех тера догIуш долу йукъадало дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш.

Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзаршца (даьржина а, даржаза а), айдардешнашца йолу предложенеш хIитторан норманаш.

Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзаршца, айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш.

Предложенийн синтаксически а, пунктуационни а анализ.

**Ма-дарра а, лач а къамел**

Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенийн дIахIоттам.

Цитаташ. Алар йукъа цитаташ йалоран кепаш. Ма-дарра а, лач а къамелаца предложенеш хIитторан норманаш; ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенешкахь, цитаташ йалорехь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш.

**9 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Нохчийн Республикехь нохчийн матто кхочушден гIуллакх.

Нохчийн мотт вайн заманан дуьненахь.

**Мотт а, къамел а**

Барта а, йозанан а, монологически а, диалогически а къамел, полилог (карладаккхар).

Къамелан гIуллакхан кепаш: дийцар, йоза, ладогIар, йешар (карладаккхар).

ЛадогIаран кепаш: харжаман, довзийтаран, дуьхенгара.

Йешаран кепаш: Iаморан, довзийтаран, хьажаран, лехаман.

Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна, суьрташна, иллюстрацешна, чулацаман суьртана тIе а тевжаш, теме а, тIекаренан хьелашка хьаьжжина, тайп-тайпана коммуникативни хьажам болу барта а, йозанан а аларш кхоллар (цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш а).

ЛадоьгIначу йа йешначу текстан чулацам ма-барра, хоржуш, бацбина схьабийцар.

Къамелан практикехь барта а, йозанан а аларш кхолларехь нохчийн литературин меттан норманаш (орфоэпически, лексически, грамматически, стилистически, орфографически, пунктуационни) ларйар.

Дешаран книгица, лингвистически дошамашца, справочни литературица болх баран кепаш.

**Текст**

Текстехь къамелан тайп-тайпана функциональни-маьIнин тайпанаш цхьаьнадар, цу йукъахь исбаьхьаллин произведенешкахь меттан тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн элементийн цхьаьнайар а.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанех йолчу тексташкахь меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцаран башхаллаш.

Текстан хаамаш хийцар.

**Меттан функциональни тайпанаш**

Вайн заманан нохчийн меттан функциональни тайпанаш: буьйцу мотт; функциональни стилаш: Iилманан (Iилманан-дешаран), публицистикин, гIуллакхан; исбаьхьаллин литературин мотт (карладаккхар, жамI дар).

ГIуллакхан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, къамел даран тайпаналлин хьелаш, къамелан хьесапаш, Iилманан стилаца богIуш болу меттан гIирсаш. Тезисаш, конспект, реферат, рецензи.

Исбаьхьаллин литературин мотт а, вайн заманан нохчийн меттан тайпанех иза къаьсташ хилар а. Исбаьхьаллин меттан коьрта башхаллаш: васт хилар, гайтаран-исбаьхьаллин гIирсех а, ткъа иштта меттан кхечу функциональни тайпанийн меттан гIирсех а шуьйра пайдаэцар.

Нохчийн меттан коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гIирсаш, къамелехь царах пайдаэцар (метафора, эпитет, дустар, гипербола, олицетворени).

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

**Чолхе предложени**

Чолхечу предложених кхетам (карладаккхар). Чолхечу предложениийн тайпанаш.

Чолхечу предложенин дакъойн маьӀнин, дӀахӀоттаман, интонацин цхьаалла.

**Чолхе-цхьаьнакхетта предложени**

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех а, цуьнан хӀоттамах а кхетам.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъош вовшахтосу гӀирсаш.

Предложенин дакъошна йукъахь тайп-тайпана маьӀнин уьйраш йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн интонацин башхаллаш.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцар.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хӀотторан норманаш; чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хӀитторан норманаш.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн синтаксически а, пунктуационни анализ.

**Чолхе-карара предложени**

Чолхе-карарчу предложенех кхетам. Предложенин коьрта а, тӀетуху а дакъош.

Хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а. Карарчу хуттургийн а, хуттургийн дешнийн а башхаллаш.

Чолхе-карарчу предложенийн тайпанаш, коьртачу а, тӀетухучу а дакъошна йукъарчу маьӀнин башхаллашка, дӀахӀоттаме, уьйран синтаксически гӀирсашка хьаьжжина.

Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогӀуш хилар.

Къастаман тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Кхачаман тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Латтамийн тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Хенан тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Бахьанин, Ӏалашонан тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Бехкаман тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Даран суьртан, бараман тӀетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш.

Чолхе-карара предложени хӀотторан норманаш; коьртачу декъах кхачаман тӀетуху а, латтамийн тӀетуху а предложенеш хуттургаца, хуттурган дешнашца дӀахоттарца чолхе-карара предложени хӀоттор.

Масех тӀетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш.

Чолхе-карарчу предложенешкахь сацаран хьаькаш хIиттоpан норманаш.

Чолхе-карарчу предложенийн синтаксически а, пунктуационни анализ.

**Хуттургаш йоцу чолхе предложени**

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех кхетам балар.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин дакъошна йукъара маьIнин йукъаметтигаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин тайпанаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех къамелехь пайдаэцар. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а, хуттургаш йолу чолхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хилар.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин дакъойн уьйран гIирсаш: интонаци, сацаран хьаькаш. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш дагардаран маьIница. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь цIоьмалг а, цIоьмалгаца тIадам а.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш бахьанин, кхеторан, тIедузаран маьIнашца. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь шитIадам.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш хенан, дуьхьалара, бехкаман, тIаьхьалонан маьIнашца. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь тире.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн синтаксически а, пунктуационни анализ.

**КОЬРТАЧУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ**

## ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIашка кхочу дешаран а, кхетош-кхиоран а гIуллакхийн цхьааллехь, нохчийн къоман ламасталлин социокультурни, синъоьздангаллин мехаллашца, йукъараллехь тIеэцначу низаман бакъонашца, норманашца догIуш а долуш, цул сов, жамIаша ша-шен довзарехь, ша-шен кхетош-кхиорехь, ша-шен кхиорехь адаман чоьхьара хьелаш кхолларехь аьтто а бо.

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIаша гайта деза позитивни мехаллех кхетаран къепен куьйгаллица болх бан дешархой кийча хилар, цуьнан къепен буха тIехь а, кхетош-кхиоран гIуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдарехь а гIуллакхдаран зеделларг совдаккхар, цу йукъахь кху декъахь:

***Граждански кхетош-кхиоран*:**

гражданинан декхарш кхочушдан а, цуьнан бакъонаш тIеэца а кийча хилар, кхечу адамийн бакъонаш, маршо, бакъдолу хьашташ ларар; доьзалан, дешаран хьукматан, меттигерчу йукъараллин, виначу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкахь гайтинчу хьелашца дустарехь дакъалацар а; экстремизман, дискриминацин муьлхха а кеп тIецаэцар; адаман дахарехь тайп-тайпанчу йукъараллин институташа дечу гIуллакхах кхетар; коьртачу бакъонех, маршонах, гражданинан декхарех, йукъараллин норманех, нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу масаллийн буха тIехь кхиийнчу поликультурни йукъараллехь адамийн вовшашца йолчу йукъаметтигийн бакъонех лаьцна кхетам хилар; цхьаьна тайп-тайпана гIуллакхаш кхочушдан кийча хилар, вовшех кхета, вовшашна гIо дан гIертар; ишколан шайн урхаллехь жигара дакъалацар; гуманитарни гIуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Патриотически кхетош-кхиоран*:**

Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гIуллакхах кхетар; нохчийн мотт, истори а, шен мехкан культура а йовза лаам гучубаккхар; нохчийн маттаца, шен Даймехкан кхиамашца, Iилманца, исбаьхьаллица, тIеман хьуьнарщца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, (цу йукъахь исбаьхьаллин произведенешкахь гайтинарш а), мехала йукъаметтигаш йолуш хилар; Нохчийн Республикин символш, пачхьалкхан дезденош, исторически а, Iаламан а тIаьхьало,

хIолламаш, тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташ ларар.

***Синъоьздангаллин кхетош-кхиоран*:**

гIиллакх-оьздангалла къасточу хьелашкахь оьздангаллин мехалла а, норманаш а йовзар; шен леларан, цу йукъахь къамел даран а, шегара даьллачун а, ткъа иштта оьздангаллин, бакъонийн норманашка хьаьжжина, кхечу адамийн леларан а, цаьргара даьллачун а мах хадо кийча хилар, диначу хIуманан хин йолчу тIаьхьалонах кхетар тидаме а оьцуш; йукъараллехь лело ца догIу гIуллакхаш адамийн леларан норманашца а, бакъонашца а цхьаьна ца догIу гIуллакхаш жигара тIецаэцар; шен а, йукъараллин а меттиган хьелашкахь адаман маршо а, жоьпалла а.

***Эстетически кхетош-кхиоран*:**

шен а, кхечу а халкъийн исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепех, ламастех, кхоллараллех кхеташ хилар; исбаьхьаллин эмоцин тIеIаткъамах кхетар; зIенан а, ша-шен гайтаран а гIирсех санна исбаьхьаллин културин мехаллех кхетар; даймехкан а, дуьненан а исбаьхьаллин мехаллех кхетар; исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашкахь ша-шен гайтаре гIертар.

***Физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран*:**

шен дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, дахаран мехаллех кхетар; шен могашаллина жоьпаллехь хилар а, дахаран могашчу кепана тIехьажам хилар а (аьхна кхача, гигиенин бакъонаш ларйар, дIанисйина дешаран а, садаIаран а раж; диллина физически жигаралла); тIаьхьенех кхетар, зене марздаларш (спирт малар, цигаьрка озар, наркотикашка марзвалар), физически (а, синIаткъаман а, могашаллина зене йолу кхин тайпа кепаш тIецаэцар; кхерамзаллин бакъонаш ларйар, цу йукъахь ишколан меттан дешаран процессехь интернет-гуонехь кхерамзаллин леларан карадерзарш а; халахетарех а, хийцалуш долчу йукъараллин, хааман, Iаламан хьолех а вола хьуьнар хилар, цу йукъахь шена зеделлачух кхеташ а, кхин дIа йолу Iалашонаш хIиттош а; йемал ца беш, ша а, кхиберш а тIеэца хаар; шен а, кхиболчеран а синхаамийн хьолах кхета хаар, шегара хьал гайтархьама меттан гIирсех нийса пайдаэцар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу масалшна тIе а тевжаш; рефлексин карадерзарш кхиор, шегара а, ткъа иштта кхечу стагера а гIалат дала бакъо хилар къобалдар.

***Къинхьегаман кхетош-кхиоран*:**

технологин а, йукъараллин а хьажаман практикин хьесапаш (доьзалан, ишколан, гIалин, мехкан дозанехь) кхочушдарехь жигара дакъалаца тIехьажам хилар, цу тайпана гIуллакх дIадоло, план хIотто а, ша кхочушдан а хьуьнар

хилар;

корматаллаш а, тайп-тайпана къинхьегам а практикехь Іамо дог дар, цу йукъахь Іамочу предметан хаарех пайдаэцаран а, филологаша, журналисташа, йаздархоша бен болх бовзаран а буха тІехь а; къинхьегаме а, къинхьегаман жамІашка а ларам хилар; шен а, йукъараллин а хьашташ тидаме а оьцуш, кхетарца харжар, дешаран, дахаран хьесапийн шен траектори дІахІоттор; хиндолчух долу шен хьесапаш схьадийца хаар.

***Экологин кхетош-кхиоран*:**

гонахарчу декъехь хьесапаш кхочушдархьама йукъараллин а, Іаламан а Іилманийн декъехь долчу хаарех пайдаэцар, дечун план хІоттор, гонахарчарна цунах хила тарлучу тІаьхьалонан мах хадор; экологин проблемех лаьцна шена хетарг хьекъале а, нийса а схьаала хаар;

экологин культурин тІегІа лакхайаккхар, экологин проблемаш йаккхий хиларх а, уьш къасто некъаш лаха дезарх а кхетар; гонахарчарна зуламе долу дараш жигара тІецаэцар, цу йукъахь экологин проблемаш ойъу литературин прозведенеш йовзарца кхиънарш а; Іаламна, йукъараллина, технологина йукъахь долчу хьелашкахь гражданина а, хьаштхочо а санна айхьа дан дезачух кхетар; экологин хьажаман практикин гІуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Іилманан довзаран мехаллин*:**

адаман а, Іаламан а, йукъараллин а кхиаран коьртачу низамех, адаман Іаламан а, йукъараллин а гуонаца йолчу уьйрех, меттан кхиаран низамех лаьцначу Іилманан кхетамийн вайн заманан къепеца гІуллакхдарехь кхиар; меттан а, йешаран а культура, йешаран говзалла дуьне довзаран гІирс санна карайерзор; ишколан меттан дешаран башхаллаш лоруш, лехаман гІуллакхдаран коьрта хаарш карадерзор; зеделлачух, диначух, тидамех кхетарна тІехьажам а, шен а, йукъарчу а хьоле кхачаран некъаш кхачаме дало гІертар а.

***Дешархо йукъараллин а, Іаламан а гуонан хийцалучу хьолех воларан*:**

йукъараллин зеделларг, коьрта йукъараллин гІуллакхаш, йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъарлонашкахь а, тобанашкахь а йукъараллин дахаран кепаш дешархоша карайерзор, корматаллин гІуллакхдарца, ткъа иштта доьзал а, кхечу культурин гуонера нахаца йукъараллин зІе хиларан гурашкахь вовшахтоьхна тобанаш а йукъа а лоцуш;

билггал доцчу хьелашкахь зІе хиларан хьашт, кхечеран хаарш а, царна зеделларг а тІеэца кийча хилар; практически гІуллакхдарца шена хууш долчун тІегІа лакхадаккхарехь билггал доцчу хьелашкахь даран хьашт хилар, цу йукъахь кхечу нахах Іама хаар а, цхьаьна гІуллакхдарехь кхечарна

зеделлачух девза гIуллакхаш, карадерзарш, керла хаарш тIеэца хаар а; объектех, хиламех лаьцна гипотезаш, цу йукъахь хьалха бевзаш цахилларш а, кхетамаш, ойла кепе йалоран, васташ цхьаьнадалоран говзалла а, керла хаарш а кхио оьшуш хилар а; шен хаарш къен хиларх кхетар, шен кхиаран хьесап хIоттор; коьртачу кхетамех, терминех, кхиаран концепцин декъехь шена хетачух пайдаэца хаар, экономикин, йукъараллин, Iаламан вовшашцa йолу уьйр гучуйаккха а, талла а хаар, гонахарчунна Iаткъам бар, Iалашонашка кхачар, кхайкхамаш а, хила тарлун йаккхий тIаьхьалонаш а эшор тидаме а оьцуш, ша дечун мах хадо хаар;

книгаш йешарехь, къамел дарехь, дахарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, Iаткъамечу хьолах кхета, хуьлучу хийцамийн, церан тIаьхьалонийн мах хадо; Iаткъамечу хьолан мах хадо, тIеэцна сацамаш, дараш нисдан; кхераман, тIаьхьалонан мах хадо а, кепе йало а, зеделларг кхио, хIоьттинчу хьолехь диканиг лаха хаа; кхиаман гаранти йоцуш, гIуллакх дан кийча хила хьуьнар хилар.

## МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

### 1. Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор

***Коьрта маьIнин дараш*:**

меттан дакъойн, меттан хиламийн, процессийн ладаме билгалонаш гучуйаха а, билгалйаха а;

меттан дакъош (хиламаш) тайпанашка дIасадекъаран ладаме билгало, жамIдарна а, дустарна а бахьанаш, кхочушйечу анализан критереш къасто; ладамечу билгалоне хьаьжжина, меттан дакъош тайпанашка дIасадекъа;

низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогIург а къасточу факташкахь, хаамашкахь, тидамашкахь гучудаккха; низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогIург а гучудаккхаран критереш йала;

хIоттийна дешаран декхар кхочушдарна оьшучу текстан хааман къоьлла гучуйаккха;

меттан процессаш Iаморехь бахьанин-тIаьхьалонан уьйраш гучуйаха; дедукцин а, индукцин а ойланаш сацарх, тера йогIу ойланаш сацарх пайдаэцарца жамIаш дан; уьйрех лаьцна гипотезаш кепе йало;

текстийн тайп-тайпанчу кепашца, меттан тайп-тайпанчу дакъошца болх барехь дешаран хьесап кхочушдаран кеп шен лаамехь харжа, кхочушдаран варианташ йустуш а, гIолехь вариант хоржуш а, ша билгалйина критереш тидаме оьцуш а.

***Коьрта лехаман дараш*:**

хаттарех пайдаэца мотт Iаморехь хааран лехаман гIирсах

санна;

хьолан бакъ долчун а, лууш долчун а йукъара цхьаьнацадогӀург гойту хаттарш кепе дало а, долуш дерг а, лоьхуш дерг а шен лаамехь дӀахӀотто а;

шена хетарг а, кхечарна хетарг а бакъ хиларх лаьцна гипотеза кхолла, шена хетарг а, ойла а тӀечӀагӀйан;

дарийн алгоритм хӀотто, дешаран хьесап кхочушдарехь цунах пайдаэца;

меттан дакъойн, процессийн, бахьанин-тӀаьхьалонан уьйрийн, объектийн вовшашца йозуш хиларан башхаллаш дӀахӀитторехь ша хӀоттийнчу планаца жима таллам бан;

лингвистически таллам (эксперимент) барехь схьаэцначу хааман мегаш хиларан а, бакъхиларан а мах хадо; биначу тидаме, талламе хьаьжжина, жамӀаш ша кепе дало; схьаэцна жамӀаш бакъхиларан мах хадоран гӀирсаш караберзо;

процессийн, хиламийн кхин дӀа хила тарлуш долу кхиар а, тера догӀучу хьелашкахь церан тӀаьхалонаш а билгалйаха, ткъа иштта керлачу хьелашкахь а, контексташкахь а церан кхиарах лаьцна шайна хетарг ала.

***Хаамца болх бар*:**

деллачу дешаран хьесапе а, йалийнчу критерешка а хьаьжжина, хаамаш лахарехь а, схьакъасторехь а тайп-тайпанчу кепех, гӀирсех, жоп дехарх пайдаэца;

тексташкахь, таблицашкахь, схемашкахь белла хаам схьакъасто, талла, къепе бало, хааман кхетам бала, цуьнан жамӀ дан;

чулацамехь болу хаам бакъ хиларе а, мегаш хиларе а хьаьжжина, текстан мах хадорхьама а, дешаран хьесапаш кхочушдаран Ӏалашонца оьшучу хаамах кхетархьама а ладогӀаран а, йешаран а тайп-тайпанчу кепех пайдаэца;

хӀиттийнчу Ӏалашонашка хьаьжжина, цхьана йа масех хьостанера хаамаш схьаэцархьама, жамӀдархьама, къепе балорхьама маьӀнин йешарх пайдаэца;

тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашкара тера догӀу тӀечӀагӀдарш каро (цхьа ойла, верси бакъйеш йа харцйеш йолу);

хаам луш йолу уггар гӀолехь кеп (текст, презентаци, таблица, схема) ша схьахаржа а, кхочушден хьесапаш, коммуникативни хӀоттаме хьаьжжина, чолхе йоцчу схемашца, диаграммашца, кхечу графикица, церан вовшех йозуш хиларца гайта а;

хьехархочо йеллачу йа ша хӀоттийнчу критерешца хааман тешаме хиларан мах хадор;

хаамаш къепе бало а, эвсараллица дагахь латто а.

**2. Дешаран универсальни коммуникативни дараш карадерзор**

***ТIекаре*:**

тIекаренан хьелашка, Iалашонашка хьаьжжина, хетарг кхолла а, цунах кхета а, эмоцеш гайта; диалогашкахь а, дискуссешкахь а, барта монологически къамелехь а, йозанан тексташкахь а ша (шена хетарг) гайта;

тIекаренан ишарш йаран (дешнашца боцу) гIирсаш бовза, йукъараллин хьаьркийн маьIнех кхета;

къовсаме хьелаш кхолладаларан бахьанаш довза, къовсамаш малбан, дагадовла;

кхечеран дагахь долчух кхета, къамелхочуьнца лараме хила, хьайн дуьхьалонаш оьздачу кепе йерзо;

диалог/дискусси дIайахьарехь йиййцаре йиллинчу темица догIу хаттарш дала а, хьесап кхочушдарна а, дика лаарца йолчу тIекаренна тIетарна а тIехьажийна йолу ойланаш ала а;

шена хетарг диалоган кхечу декъашхошна хетачунна дуьхьалхIотто, башхаллаш а, позицийн тера хилар а гучудаккха;

йиначу меттан анализан, кхочушйинчу лингвистически экспериментан, талларан, проектан жамIаш нахана гуш-хезаш довзийта;

презентацин Iалашо а, аудиторин башхаллаш а лоруш, къамел даран барам ша харжа, цуьнга хьаьжжина, иллюстрацин материалах пайдаэцарца барта а, йозанан а тексташ хIитто.

***Цхьаьна гIуллакхдар*:**

билггал йолу проблема кхочушйарехь тобанца а, ша а бен болх гIолехь хиларх кхета а, цунах пайдаэца а, йуьхьарлаьцна Iалашо кхочушйарехь вовшашца зIе хиларан тобанан кепех пайдаэцар оьшуш хилар билгалдаккха;

цхьаьна гIуллакхдаран Iалашо йуьхьарлаца, цу Iалашоне кхача цхьаьна дараш хIитто: гIуллакх дIасадекъа, барт бан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамI а дийцаре дан; масех адамна хетачун жамI дан, куьйгалла дан, тIедиллар кхочушдан, муьтIахь хила кийча хилар гучудаккха;

цхьаьна бен болх вовшахтохаран план хIотто, шен гIуллакх къасто (вовшашца зIе хиларан массо а декъашхочунна бакъахьа хетарг а, церан таронаш а лоруш), тобанан декъашхошна йукъахь хьесапаш дIасадекъа, белхан тобанийн кепашкахь дакъалаца (дийцаре диллар, вовшех дагавалар, «хьен штурм», кхийерш а);

белхан шен дакъа кхочушдан, оцу декъехь лакхарчу жамIашка кхача, тобанан кхечу декъашхойн дарашца шен дарийн уьйр хилийта;

йукъарчу балха тIехь ша дакъалацаран эвсараллин мах хадо вовшашца зIе хиларан декъашхоша шаьш хIиттийнчу критерешца; жамIаш йуьхьанцарчу хьесапца а, тобанан хIора декъашхочун цу жамIашка кхачоран гIуллакхца а дуста,

жоьпаллин гуо дIасабекъа а, тобанна хьалха отчет йала кийча хила а.

## 3. Дешаран универсальни регулятивни дараш карадерзор

***Ша-шен вовшахтохар*:**

дешаран а, дахаран а хьелашкахь кхочушйен проблемаш гучуйаха;

сацам баран тайп-тайпана некъаш довза (ша цхьамма, тобанехь сацам бар, тобано сацам бар);

хьесап кхочушдаран алгоритм (йа цуьнан дакъа) ша хIотто, болчу гIирсашка а, шен таронашка а хьаьжжина, дешаран хьесап кхочушдаран кеп къасто, сацаман йелла варианташ тIечIагIйан;

дарийн план ша хIотто, иза кхочушйарехь оьшу нисдарш йукъадало;

шена хетарг къасто а, шен сацамах жоьпалла тIеэца а.

***Ша-шен таллар*:**

ша-шен талларан (цу йукъахь къамелан а), ша-шен догдаийтаран, рефлексин тайп-тайпана кепаш карайерзо;

дешаран хьолан нийса мах хадо а, иза хийцаран план йало а;

дешаран хьесап кхочушдарехь хила тарлуш йолу халонаш ган а, хийцалучу хьелашна адаптаци йан а;

гIуллакхдаран жамIашка кхачаран (цакхачаран) бахьанех кхето; коммуникативни аьтто цахиларан бахьанех кхета а, уьш ца хилийта хаа а, карадерзийнчу къамелан зеделлачун мах хадо, тIекаренан Iалашонашка а, хьелашка а хьаьжжина, шен къамел нисдан а; тIекаренан Iалашонан а, хьелийн а жамI цхьаьнадаран мах хадо.

***Синхаамийн интеллект*:**

шен а, кхечеран а синхаамаш тIехь урхалла даран хьуьнар кхио;

синхаамаш хиларан бахьанаш гучудаха а, талла а; кхечу стеган дагахь долчух а, цуьнан бахьанех а кхета, къамелан хьал а толлуш; шен синхаамаш гайтаран кеп нисйан.

***Ша а, кхиберш а тIеэцар*:**

кхечу стагах а, цунна хетачух а кхеташ хила; ша а, кхиверг а гIалатвала бакъо йолуш хиларх кхета;

ша а, кхиберш а, йемал ца беш, тIеэцар; цIеначу дагара хила;

гонахарчу дерригенна а Iуналла дан йиш цахиларх кхета.

## ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

### 5 КЛАСС

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Нохчийн меттан хьолах а, исбаьхьаллех а кхеташ хила, цунна тешалла деш долу масалш дало.

Лингвистикин коьрта дакъош, меттан а, къамелан а коьрта дакъош довза (аз, морфема, дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени).

**Мотт а, къамел а**

Барта а, йозанан а къамелан, монологан а, диалоган а йукъара башхаллаш билгалйаха; хIора дийнан дахарехь а, дешарна тIехьажийна долу хьесапаш кхочушдарехь а къамелан гIуллакхдаран тайпанийн башхаллаш тидаме эца.

Дахарехь биначу тидамийн, Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тIехь барамехь 5 предложенел кIезиг доцу барта монологически аларш хIитто.

Лингвистически теманашна йолчу диалогехь а (Iамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тIехь йолчу диалогехь/полилогехь а дакъалаца (барамехь 3 репликел кIезиг йоцуш).

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин тексташка ладогIаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: харжаман, довзийтаран, дуьхенгара.

Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: хьажаран, довзийтаран, Iаморан, лехаман.

Барамехь 90 дашал кIезиг йоцу йешна йа ладоьгIна текст барта схьайийца.

Барамехь 140 дашал кIезиг йоцчу ладоьгIначу а, йешначу а къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин текстийн чулацамах кхета: барта а, йозанехь а текстан тема а, коьрта ойла а билгалйаккха; текстан чулацамца догIу хаттарш хIитто а, царна жоьпаш дала а; йозанан кепехь йуьхьанцарчу текстан чулацам ма-барра а, бацбина а бовзийта (ма-дарра схьадийцарехь йуьхьанцарчу текстан барам 90 дашал кIезиг хила ца беза; даццинчу схьадийцарехь – 95 дашал кIезиг хила ца беза).

Iалашоне а, теме а, коммуникативни дагалацаме а хьаьжжина алар кхоллархьама, меттан гIирсаш къасто.

Йозанехь вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан, цу йукъахь 80 – 90 дешан барам болу текст тIера схьайазйеш а; 10 – 15 дашах лаьтта дешнийн диктант йазйеш а, хьалха Iамийна нийсайазйаран бакъонаш ларйеш хIоттийнчу 80 – 90 дешан барам болчу йозучу текстан буха тIехь

диктант йазйеш а; тайп-тайпанчу лексически дошамех пайдаэца хаа; барта къамелехь а, йозанехь а къамелан оьздангалла ларйан.

**Текст**

Текстан коьрта билгалонаш йовза; текст композиционни-маьIнин дакъошка (абзацашка) йекъа; текстан дакъош а, предложенеш а вовшахтосу гIирсаш (дешан кепаш, цхьанаораман (гергара) дешнаш, синонимаш, антонимаш, йаххьийн цIерметдешнаш, дешан йухаалар) бовза; шен текст (барта а, йозанан а) кхолларехь оцу хаарех пайдаэца.

Текстан, цуьнан композиционни башхаллийн маьIнин анализ йан, микротемийн а, абзацийн а масалла къасто.

Текстан башхалонаш билгалйаха, цуьнан коьрта билгалонашца (тема, коьрта ойла, предложенийн грамматически уьйр, маьIнин цхьаалла, гIеххьа йуьзна хилар) йогIуш хиларе хьаьжжина а; къамелан функциональни-маьIнин тайпанан текст хиларе хьаьжжина а.

Текст кхолларан практикехь (Iамийнчун барамехь) текстан коьртачу билгалонех а, къамелан функциональни-маьIнийн башхаллех а, меттан функциональни тайп-тайпаналлех а долчу хаарех пайдаэца.

Текст кхолларан практикехь текстан (дийцар) коьрта билгалонех долчу хаарех пайдаэца.

Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, тексташ-дийцарш кхолла; чулацаман суьртана тIе а тевжаш, тексташ кхолла; (цу йукъахь барамехь 3 йа цул сов предложенел кIезиг йоцу сочиненеш-миниатюраш а; барамехь 60 дашал кIезиг йоцу классехь йазйеш йолу сочиненеш а).

Кеп талхийна текст йухаметтахIотто; йуьхьанцарчу текстана тIе а тевжаш, йухаметтахIоттийна текст нисйан.

ЛадоьгIначу а, йешначу а Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолчу текстийн хаамаш хийцаран хаарш карадерзо: план хIотто (цхьалхе, чолхе) кхин дIа а текстан чулацам барта а, йозанан кепехь а йухаметтахIотторан Iалашонца; текстан чулацам, цу йукъахь дийцархочун йуьхь хуьйцуш а, схьабийца; тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам схьахаржа а, цу йукъахь лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, дешаран гIуллакхдарехь цунах пайдаэца а.

Йеллачу темехула болу хаам презентацин кепехь схьагайта.

Шен/кхечу дешархоша кхоьллина тексташ церан чулацам кхачаме балоран Iалашонца тайан (бакъ йолу материал таллар, текстан йуьхьанцара маьIнин анализ – маьIнин цхьаалла, дозуш хилар, хаамаш хилар).

**Меттан функциональни тайпанаш**

Буьйцучу меттан, функциональни стилийн, исбаьхьаллин литературин меттан башхаллех лаьцна йукъара кхетам хила.

## МЕТТАН СИСТЕМА

### Фонетика. Графика. Орфоэпи

Аьзнийн башхалонаш билгалйаха; озана а, элпана йукъарчу башхаллех кхета, аьзнийн системин башхалонаш билгалйаха.
Зевне а, къора а мукъаза аьзнаш, деха а, доца а мукъа аьзнаш хазарехь къасто а, нийса дӀаала а.

Дешнаш дешдакъошка декъа а, уьш нийса дӀаала а. Оьрсийн маттара тӀеэцна дешнаш аларехь нохчийн меттан аьзнийн къепено а, интонацино а тӀеӀаткъам барца кхоллалуш йолу акцент дӀайаккха.

Барта а, йозанца а дешан фонетически къастам бан.

Дешнаш аларан а, нийсайаздаран а практикехь фонетикех, графикех, орфоэпех долчу хаарех пайдаэца.

### Орфографи

Нийсайаздаран практикехь орфографех долчу хаарех пайдаэца (цу йукъахь ду ***й*** элпан а, къасторан ***ъ, ь*** хьаькийн а нийсайаздарх долу хаарш а).

### Лексикологи

Дешан лексически маьӀна къасто.

Къамелехь цхьа маьӀна долчу а, дукха маьӀнаш долчу а дешнех нийсачу а, тӀедеанчу а маьӀнехь пайдаэца.

Синонимаш, антонимаш, омонимаш йовза.

Лексически дошамех пайдаэца хаа (маьӀнин дошамах, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамех).

ЦӀена нохчийн а, тӀеэцна а дешнаш довза.
Къамелехь дешнех, церан лексически цхьаьнадар тидаме а оьцуш, пайдаэца,
.

### Фразеологи

Фразеологизмаш йовза. Фразеологизмийн маьӀна дийца, уьш синонимашца а, йукъарчу дешнийн цхьаьнакхетаршца а хийца.

Къамелехь фразеологически карчамех пайдаэца, пайдаэцаран гуо, тӀекаренан хьелаш тидаме а оьцуш.

Дешнийн лексически анализ йан (Ӏамийнчун барамехь).

### Дешан хӀоттам а, дошкхолладалар а

Дашехь морфемаш йовза (орам, дешхьалхе, суффикс, чаккхе), дешан лард схьакъасто.

Цхьанаораман (гергара) дешнаш харжа а, къасто а.
Дешнийн кхолладаларехь а, хийцадаларехь а морфемашкахь хийцалуш долу аьзнаш каро.

Схьадевлла а, схьадовлаза а долчу дешнийн лардаш къасто. Дошкхолладаларан коьрта кепаш, дешнийн кхолладаларан зIенаш къасто.

Дешхьалхенан а, суффиксан а гIоьнца а, ткъа иштта лардаш вовшахкхетарца а дешнаш кхолла.

Дешнийн морфемни анализ йан.

Чолхе даццина дешнаш нийса дIаала а, царах нийса пайдаэца а.

**Морфологи. Къамелан оьздангалла. Орфографи**

Морфологин коьрта кхетамаш бовза.

Коьртачу къамелан дакъойн ладаме билгалонаш хаа. Дешнийн лексико-грамматически тайпанех санна къамелан дакъойх, дешан грамматически маьIнех, нохчийн маттахь дешарна тIехьажийна хьесапаш кхочушдарна леринчу къамелан дакъойн къепех долчу хаарех пайдаэца.

Къамел дарехь а, тайп-тайпана меттан анализ кхочушйарехь а морфологех долчу хаарех пайдаэца.

**ЦIердош**

ЦIердош къамелан дакъа санна довза, йукъарчу маьIне а, хаттаре а хьаьжжина; цуьнан грамматически билгалонаш, синтаксически гIуллакх къасто; къамелехь цо дечу гIуллакхах кхето.

ЦIердешнийн дукхаллин терахьан кепаш нийса кхолла а, къамелехь царах пайдаэца а. Долахь а, йукъара а цIердешнаш къасто а, къамелехь царах нийса пайдаэца а.

ЦIердешнийн грамматически классаш йовза.

1-, 2-, 3-, 4-чуй легарехь долчу цIердешнийн оьшучу дожаран кеп нийса кхолла а, къамелехь цунах пайдаэца а. ЦIердешнийн нийсайаздаран норманаш (цу йукъахь цIердешнашца ***ца*** нийсайаздаран норма а) ларйан.

ЦIердешнашна морфологически къастам бан.

Оьрсийн маттаца дуьстича, нохчийн маттахь цIердешнийн башхаллех кхета.

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

Синтаксисан дакъош довза (дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а); предложенера дешнийн цхьаьнакхетарш къасто; коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетарийн тайпанаш довза (цIеран, хандешан); дешнийн цхьаьнакхетаршна а, цхьалхечу предложенешна а синтаксически анализ йан; чолхечу предложенешна пунктуационни анализ йан (Iамийнчун барамехь); тайп-тайпана меттан анализ кхочушйарехь а, къамел дарехь а синтаксисах, пунктуацех долчу хаарех пайдаэца.

Чолхейовлаза йолу цхьалхе предложенеш йовза;

цхьанатайпанчу меженашца чолхейевлла цхьалхе предложенеш, цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долу а, тӀедерзарца йолу а предложенеш а чулоцуш; аларан Ӏалашоне хьаьжжина (дийцаран, тӀедожоран, хаттаран), эмоцин билгалоне хьаьжжина (айдаран, айдаран йоцу), грамматически лардийн масалле хьаьжжина (цхьалхе, чолхе), коьртаза меженаш хиларе хьаьжжина (йаьржина, йаржаза), предложенеш йовза; предложенин коьрта а (грамматически лард), коьртаза а меженаш къасто (Ӏамийнчун барамехь).

Диалогически а, монологически а къамелехь, кехат тӀехь, дӀакхайкхорехь, и.д.кх. тӀедерзарх пайдаэца. Предложенехь тӀедерзар а, подлежащи а вовшах къасто. Сацаран хьаьркаш хӀитторах кхето.

ТӀедерзарца, цхьанатайпанчу меженашца, цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долчу предложенешкахь; ма-дарра къамелаца йолчу предложенешкахь; хуттургаш йолчу а, хуттургаш йоцчу а уьйраца дозуш долчу дакъойх лаьттачу чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хӀитторан пунктуационни норманаш йозанехь ларйан; йозанехь диалог кечйан.

## 6 КЛАСС

### Маттах лаьцна йукъара хаамаш

Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, нохчийн историн, культурин синъоьздангалле кхачоран гӀирс а санна нохчийн матто дечу гӀуллакхан башхалонаш билгалйаха.

Нохчийн литературин маттах лаьцна кхетам хила.

### Мотт а, къамел а

Дахарехь биначу тидамийн, Ӏилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Ӏилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тӀехь барамехь 6 предложенел кӀезиг доцу барта монологически аларш хӀитто (монолог-суртхӀоттор, монолог-дийцар, монолог-ойлайар); лингвистически темина болчу хаамца къамел дан. Барамехь 4 репликел кӀезиг йоцчу диалогехь (гӀуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар) дакъалаца.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьӀнин тайпанийн Ӏилманан-дешаран, исбаьхьаллин teксташка ладогӀаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: харжаман, довзийтаран, дуьхенгара. Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: хьажаран, довзийтаран, Ӏаморан, лехаман.

Барамехь 100 дашал кӀезиг йоцу ладоьгӀна йа йешна текст барта схьайийца.

Барамехь 160 дашал кӀезиг йоцчу ладоьгӀначу а, йешначу а къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьӀнин тайпанийн Ӏилманан-дешаран, исбаьхьаллин текстийн чулацамах кхета:

барта а, йозанехь а текстан тема а, коьрта ойла а билгалйаккха; текстан чулацамца догІу хаттарш хІитто а, царна жоьпаш дала а; барта къамелехь а, йозанан кепехь къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн йешначу Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин текстийн чулацам ма-барра а, бацбина а бовзийта (ма-дарра схьадийцарехь йуьхьанцарчу текстан барам барам 130 дашал кІезиг хила ца беза; дацдинчу схьадийцарехь – 135 дашал кІезиг хила ца беза).

Къамелан хьелашка хьаьжжина, лексически гІирсаш къасто; шен а, кхечун а къамелан мах хадо, нийсачу а, догІуш долчу а, исбаьхьаллин а дешнех пайдаэцаре терра; маьІнийн дошамех пайдаэца.

Йозанехь а, барта къамелехь а вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан, цу йукъахь 90 – 100 дешан барам болу текст тІера схьайазйеш а; 15 – 20 дашах латтта дешнийн диктант йазйеш а, хьалха Іамийна нийсайазйаран бакъонаш ларйеш хІоттийначу 90 – 100 дешан барам болчу йозучу текстан буха тІехь диктант йазйеш а; барта къамелехь а, йозанехь а къамелан оьздангалла ларйан.

**Текст**

Текстан анализ йан, цуьнан коьртачу билгалонашца йогІуш; иза къамелан функциональни-маьІнин тайпа хиларе хьаьжжина.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн текстийн башхалонаш билгалйаха; къамелан тайпа санна суртхІотторан башхалонаш билгалйаха (адаман куьцан, хІусаман, Іаламан, меттиган, даран суртхІоттор).

Текстехь предложенеш вовшахтосу гІирсаш гучубаха.

Тайп-тайпанчу кепийн анализ кхочушйарехь а, къамел дарехь а къамелан функциональни-маьІнин тайпанех долчу хаарех пайдаэца; шен текст кхолларехь текстан коьртачу билгалонех долчу хаарех пайдаэца.

Текстан, цуьнан композиционни башхаллийн маьІнин анализ йан, микротемийн а, абзацийн а масалла къасто.

Къамелан тайп-тайпана функциональни-маьІнин тайпанийн тексташ кхолла (дийцар, адаман куьцан, хІусаман, Іаламан, меттиган, даран суртхІоттор), книгаш йешарехь, дахарехь зеделлачунна, исбаьхьаллин кхоллараллина тІе а тевжаш (цу йукъахь барамехь 5 йа цул сов предложенел кІезиг йоцу сочиненеш-миниатюраш а; сочиненин функциональни тайпанца а, жанраца а, темин башхаллица а йогІуш, барамехь 80 дашал кІезиг йоцу классехь йазйеш йолу сочиненеш а).

Текстан хаамаш хийцаран хаарш карадерзо: кхин дІа текстан чулацам барта а, йозанан а кепехь йухаметтахІотторан Іалашонца йешначу текстан план хІотто (цхьалхе, чолхе; цІеран, хаттаран); ладоьгІначу а, йешначу а текстехь коьрта а, коьртаза а хаам гучубаккха; тайп-тайпанчу хьостанашкара, цу йукъахь

лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, хаам схьахаржа а, дешаран гІуллакхдарехь цунах пайдаэца а.

Йеллачу темина презентацин кепехь хаам схьагайта.

ЛадоьгІначу йа йешначу Іилманан-дешаран текстан чулацам таблицин, схемин кепехь схьагайта; таблицин, схемин чулацам текстан кепехь схьагайта.

Вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш йовзарна тІе а тевжаш, шен тексташ тайан.

**Меттан функциональни тайпанаш**

Къамелан гІуллакхан стилан, къамелан Іилманан стилан башхалонаш билгалйаха; Іилманан хаам а, дошаман статья а хІотторан лехамаш бийца; меттан а, жанрийн а тайп-тайпанчу функциональни тайпанех йолчу тексташна анализ йан (дийцар, дІахьедар, расписка; дошаман статья, Іилманан хаам).

Тайп-тайпанчу кепийн меттан анализ кхочушйарехь а, къамел дарехь а гІуллакхан, Іилманан стилех долчу хаарех пайдаэца.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Морфологи. Къамелан оьздангалла. Орфографи**

Морфологин коьрта кхетамаш бовза. Къамелан дакъойн ладаме билгалонаш хаа. Коьрта къамелан дакъош а, церан кепаш а йовза.

**Билгалдош**

Билгалдешан йукъара грамматически маьІна, морфологически билгалонаш, синтаксически гІуллакх къасто; къамелехь цо дечу гІуллакхах кхето; маьІне а, грамматически билгалонашка хьаьжжина, билгалдешан мухаллин, йукъаметтигаллин тайпанаш къасто.

Цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь долчу билгалдешнийн дожарийн чаккхенаш нийса ала а, йазйан а. Йеллачу морфологически билгалонашка хьаьжжина, билгалдешнаш тайпанашка декъа.

Мухаллин билгалдешнийн даржаш нийса кхолла.

Билгалдешнаш терахьашца а, классашца а хийца.

1-, 2-чуй легарехь долчу билгалдешнийн оьшуш йолу дожаран кеп, контекстаца хила ма-йеззара, нийса кхолла а, къамелехь цунах пайдаэца а.

Билгалдешнийн дошкхолладаларан норманаш, билгалдешнийн аларан норманаш ларйан.

Билгалдешнашна морфологически къастам бан.

**Терахьдош**

Терахьдешан йукъара грамматически маьІна,

морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто. Масаллин маьIна долчу кхечу къамелан дакъойн дешнех терахьдешнаш къасто. Масаллин а, дакъойн а терахьдешнаш нийса ала а, йаздан а; къамелехь царах тайп-тайпанчу дожарийн кепехь пайдаэца. РогIаллин а, гулдаран а терахьдешнех къамелехь нийса пайдаэца.

ХIоттаме хьаьжжина, терахьдешнийн тайпанаш къасто.

Терахьдешнаш легадан хаа а, церан легаран, дошкхолладаларан, синтаксически функцийн башхаллаш билгалйаха а; Iилманан teксташкахь, гIуллакхан къамелехь терахьдешнех пайдаэцаран башхаллаш, къамелехь цара дечу гIуллакхан башхалонаш билгалйаха.

Терахьдешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан.

Терахьдешнашна морфологически къастам бан.

Оьрсийн маттаца дуьстича, нохчийн маттахь терахьдешан башхаллех кхета.

**ЦIерметдош**

ЦIерметдешнаш довза; йукъара грамматически маьIна къасто; цIерметдешнийн тайпанаш къасто; цIерметдешнаш легадан хаа; церан легаран, дошкхолладаларан, синтаксически функцийн, къамелехь цара дечу гIуллакхан башхаллаш билгалйаха.

Йеллачу морфологически билгалонашка хьаьжжина, цIерметдешнаш тайпанашка декъа.

ЦIерниг а, лач а дожаршкахь йаххьийн цIерметдешнийн масалш дало. Предложенешкахь дацаран а, къастамза а цIерметдешнех пайдаэца.

ЦIерметдешнашна морфологически къастам бан.

Литературин меттан стилаш а, нийсайаздаран норманаш а ларйеш, предложенешкахь цIерметдешнех пайдаэца хаа.

**Хандош**

Хандешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто; къамелехь цо дечу гIуллакхах кхето.

Хандешан инфинитиван (билгалзачу кепан) грамматически билгалонаш йийца, цуьнан лард схьакъасто.

Грамматически билгалонашка а, маьIне а хьаьжжина, карарчу, йаханчу, йогIучу хенан хандешнаш къасто. Карарчу хенан хандешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан; йаханчу хенан кепаш нийса кхолла а, йазйан а. ЙогIучу хенан кепаш нийса кхолла а, йазйан а.

Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а кепаш къасто.

Терахьашца а, классан гайтамашца а хийцалуш долчу хандешнех предложенешкахь пайдаэца.

Хандешнашна морфологически къастам бан (Iамийнчун

барамехь).

**7 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Кхуьуш болчу хиламах санна маттах кхетам хила. Къоман меттан а, культурин а, историн а уьйрах кхета (масалш дало).

**Мотт а, къамел а**

Тидамийн, шен битамийн, Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Іилманан-кхетаме литература йешаран буха тІехь барамехь 7 предложенел кІезиг доцу барта монологически аларш хІитто (монолог-суртхІоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар); Іилманан хаамах лаьцна къамел дан.

Лингвистически теманашна а (Іамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тІехь йолчу теманашна а барамехь 5 репликел кІезиг йоцчу диалогехь дакъалаца.

Диалоган тайп-тайпана кепаш карайерзо: диалог – хаамах жоп дехар, диалог – хаам бар.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн публицистикин teкстaшка ладогІаран тайп-тайпана кепаш карайерзо (харжаман, довзийтаран, дуьхенгара).

Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: хьажаран, Іаморан, довзийтаран, лехаман.

Барамехь 110 дашал кІезиг йоцу ладоьгІна йа йешна текст барта схьайийца хаа.

Барамехь 190 дашал кІезиг йоцчу ладоьгІначу а, йешначу а публицистикин текстийн (ойлайар-тІечІагІдар, ойлайар-кхетор, ойлайар-дийцар) чулацамах кхета: барта а, йозанехь а текстан тема а, коьрта ойла а билгалйаккха; текстан чулацамца догІу хаттарш хІитто а, царна жоьпаш дала а; барта а, йозанан кепехь а ладоьгІначу публицистикин текстийн чулацам ма-барра а, бацбина а, хоржуш а бовзийта (ма-дарра схьадийцарехь йуьхьанцарчу текстан барам 170 дашал кІезиг хила ца беза; дацдинчу а, харжаман а схьадийцарехь – 180 дашал кІезиг хила ца беза).

Іалашоне а, теме а, коммуникативни дагалацаме а хьаьжжина алар кхоллархьама, меттан гІирсаш нийса къасто.

Йозанехь а, барта къамелехь а вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан, цу йукъахь 100 – 110 дешан барам болу текст тІера схьайазйеш а; 20 – 25 дешан барам болу дешнийн диктант йазйеш а; хьалха Іамийна нийсайазйаран бакъонаш ларйеш хІоттийначу 100 – 110 дешан барам болчу йозучу текстан буха тІехь диктант йазйеш а; йозанехь къамелан оьздангаллин бакъонаш ларйан.

**Текст**

Текстан анализ йан, цуьнан коьртачу билгалонашца йогІуш;

текстан дIахIоттам а, абзацашка йекъаран башхаллаш а, текстера меттан суртхIотторан гIирсаш а гучубаха.

Текстан маьIнин а, цуьнан композиционни башхаллийн а анализ йан, микротемийн а, абзацийн а масалла къасто.

Текстан предложенийн, дакъойн уьйран лексически а, грамматически а гIирсаш гучубаха.

Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна, исбаьхьаллин кхоллараллина тIе а тевжаш, къамелан тайп-тайпана функциональни-маьIнин тайпанийн тексташ кхолла (цу йукъахь барамехь 6 йа цул сов предложенел кIезиг йоцу сочиненеш-миниатюраш; сочиненин стилаца а, жанраца а, темин башхаллица а йогIуш, барамехь 120 дашал кIезиг йоцу классехь йазйеш йолу сочиненеш).

Текстан хаамаш хийцаран хаарш карадерзо: кхин дIа текстан чулацам барта а, йозанан а кепехь йухаметтахIотторан Iалашонца йешначу текстан план хIотто (цхьалхе, чолхе; цIеран, хаттаран, тезисан); текстехь коьрта а, коьртаза а хаам гучубаккха; дийцархочун йуьхь хуьйцуш, текстан чулацам схьабийца; текстан хаамаш хийцаран кепех пайдаэца; тайп-тайпанчу хьостанашкара, цу йукъахь лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, хаам схьахаржа а, дешаран гIуллакххехь цунах пайдаэца а.

Йеллачу темехула болу хаам презентацин кепехь схьагайта.

Iилманан-дешаран текстан чулацам таблицин, схемин кепехь схьагайта; таблицин, схемин чулацам текстан кепехь схьагайта.

Тексташ тайан: йуьхьанцара а, тайина а тексташ дуьхь-дуьхьал хIитто; вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш хаарна тIе а тевжаш, шен тексташ, церан чулацам а, кепаш а кхачаме йалоран Iалашонца, тайан.

.

**Меттан функциональни тайпанаш**

Меттан функциональни тайпанийн башхалонаш билгалйаха: буьйцу мотт а, функциональни стилаш а (Iилманан, публицистикин, гIуллакхан), исбаьхьаллин литературин мотт.

Публицистикин стилан а (цу йукъахь пайдаэцаран гуо а, функцеш а), публицистикин стилехь йолчу тексташкахь меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцаран а, публицистикин стилехь тексташ хIитторан норманийн а башхаллаш, жанрийн башхаллаш (интервью, репортаж, йоза) билгалйаха.

Интервьюн, репортажан, йозанан жанрехь публицистикин стилан тексташ кхолла; гIуллакхан кехаташ кечдан.

Публицистикин стилан тексташ хIитторан норманаш хаа.

ГIуллакхан стилан башхаллаш билгалйаха (цу йукъахь пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш).

Тайп-тайпанчу кепийн меттан анализ кхочушйарехь а,

къамел дарехь а меттан функциональни тайпанех долчу хаарех пайдаэца.

### МЕТТАН СИСТЕМА

### Морфологи. Къамелан оьздангалла

Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъойн дешнаш къасто, Хандешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто.

Коьртачу къамелан дакъойн дешнийн морфологически анализ йан.

### Хандош

Хандош къамелан дакъа санна билгалдаккха, шен маьIне а, грамматически билгалонашка а хьаьжжина; цуьнан синтаксически гIуллакх къасто.

Хандешан спряженеш билгалйаха, хандешнаш спряженешца хийца хаа.

Кхечуьнга довлу а, ца довлу а хандешнаш довза.

Билгала, бехкаман, лааран, тIедожоран саттамашкахь долу хандешнаш каро а, билгалдаха а, къамелехь царах нийса пайдаэца а; тIедожоран саттамехь хандашца долу аларш интонацица нийса кечдан.

Хандешан латтамийн а, хаттаран а кепаш къасто хаа; оьрсийн маттаца дуьстича, нохчийн маттахь хандешан башхаллех кхета.

Хандешнашца дацаран дакъалгаш ***(ца, ма)*** нийсайаздаран бакъонах пайдаэца.

Хандешнашна морфологически къастам бан.

### Причасти

Хандешан кепан санна причастин башхалонаш билгалйаха. Причастехь хандешан а, билгалдешан а билгалонаш къасто.

Причастеш легайан. Карарчу а, йаханчу а, йогIучу а хенан причастийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйаран а, причастешца ***ца*** нийсайаздаран а бакъонех пайдаэца.

Лааме а, лаамаза а причастеш къасто а, къамелехь царах пайдаэца хаа а.

Причастийн морфологически анализ йан, оцу хаарех къамелехь пайдаэца.

Причасти дозуш долу дош а долуш, дешнийн цхьаьнакхетарш хIитто. Причастин карчамаш кхолла. Причастин карчамца йолчу предложенешкахь нийса сацаран хьаьркаш хIитто.

Причастин карчамашца йолу предложенеш нийсайазйаран карадерзарш кхачаме дало. Предложенехь причастин гIуллакх къасто.

Дешнийн цхьаьнакхетаршкахь (***прич.*** + ***цIерд***.) бартбаран

уьйр нийса къасто.

**Деепричасти**

Хандешан кепан санна деепричастин башхалонаш билгалйаха. Деепричастехь хандешан а, куцдешан а билгалонаш къасто. Карарчу а, йаханчу а, йогIучу а хенан деепричастеш кхолла.

Къамелехь йогIучохь деепричастех пайдаэца.

Деепричастийн морфологически анализ йан, оцу хаарех къамелехь пайдаэца.

Деепричастин карчам кхолла. Предложенехь деепричастин гIуллакх къасто. Деепричастин карчамехь коьрта дош, деепричастих дозуш долу дешнаш схьакъасто, ткъа иштта деепричастин карчам шех бозуш долу хандош схьалаха; деепричастех къамелехь пайдаэца.

Деепричастешца а, деепричастин карчамашца а предложенеш нийса хIитто.

Деепричастица а, деепричастин карчамца а йолчу предложенешкахь нийса сацаран хьаьркаш хIитто.

Деепричастешца ***ца*** дакъалг нийсайаздаран бакъонах пайдаэца.

**Масдар**

Масдар хандешан кеп санна билгалдаккха, шен маьIне а, грамматически билгалонашка хьаьжжина; цуьнан синтаксически гIуллакх къасто.

Предложенешкахь масдарех нийса пайдаэца хаа. Масдаран дожарийн кепаш нийсайазйар кхачаме йало.

Къамелан тайп-тайпанчу кепашка а, стилашка а хьаьжжина, дозучу къамелехь масдаран карчамех пайдаэца.

Масдаран карчамца йолчу предложенехь нийса сацаран хьаьркаш хIитто.

Масдарца ***ца*** нийсайаздаран бакъонах пайдаэца.

**Куцдош**

Къамелехь куцдешнаш довза. Куцдешнийн йукъара грамматически маьIна къасто; маьIне хьаьжжина, куцдешнийн тайпанаш къасто; куцдешнаш кхолладаларан, церан синтаксически билгалонийн, къамелехь цо дечу гIуллакхан башхаллаш билгалйаха.

Куцдешнийн даржаш кхолладаларан, куцдешнаш аларан норманаш ларйан.

Куцдешнашна морфологически къастам бан.

Куцдешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздаран бакъонех пайдаэца.

**ГIуллакхан къамелан дакъош**

ГIуллакхан къамелан дакъойн йукъара билгалонаш йийца;

коьрта къамелан дакъойх уьш къаьсташ хиларх кхето.

**ДештIаьхье**

Къамелехь дештIаьхьенех пайдаэца, тайп-тайпанчу дожаршкахь долчу цIердешнашца а, цIерметдешнашца а цхьаьнайогIуш.

МаьIне хьаьжжина, дештIаьхьенийн тайпанаш билгалдаха. ДештIаьхьенаш нийсайазйаран норманаш ларйан.

**Хуттург**

ГIуллакхан къамелан декъан санна хуттурган башхалонаш билгалйаха; маьIне, хIоттаме хьаьжжина, хуттургийн тайпанаш билгалдаха; предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенийн дакъош а вовшахтосу гIирсаш санна текстехь цо ден гIуллакх довзийта.

Къамелехь хуттургех пайдаэца, церан маьIне а, стилистикин башхаллашка а хьаьжжина; хуттургаш нийсайазйаран, хуттургашца йолчу чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан, ***а, йа*** хуттургашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш ларйан.

Хуттургех-синонимех пайдаэца.

Хуттургийн морфологически анализ йан, оцу хаарех къамелехь пайдаэца.

**Дакъалг**

ГIуллакхан къамелан декъан санна дакъалган башхалонаш билгалйаха; маьIне хьаьжжина, дакъалгийн тайпанаш билгалдаха; дешан а, текстан а шатайпа маьIна довзийтарехь, хандешан кепаш кхоллайаларехь цо ден гIуллакх довзийта; дакъалгашца йолчу предложенийн интонацин башхаллех кхета.

Къамелехь хуттургех пайдаэца, церан маьIне а, стилистикин билгалоне а хьаьжжина; дакъалгаш нийсайазйаран норманаш ларйан.

Дакъалгийн морфологически анализ йан, оцу хаарех къамелехь пайдаэца.

**Айдардош**

Дешнийн шатайпанчу тобанан санна айдардешан башхалонаш билгалйаха; маьIне хьаьжжина, айдардешнийн тайпанаш билгалдаха; къамелехь айдардешан гIуллакх довзийта. Азтардаран дешнийн башхаллаш а, къамелехь, исбаьхьаллин литературехь царах пайдаэцар а билгалдаккха.

Айдардешнийн морфологически анализ йан, оцу хаарех къамелехь пайдаэца.

Айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш ларйан.

**8 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Кавказан къаьмнийн меттанех цхьаннах санна нохчийн маттах кхетам хила.

**Мотт а, къамел а**

Дахарехь биначу тидамийн, шен битамийн, Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Іилманан-кхетаме йолу, публицистикин литература йешаран буха тІехь барамехь 8 предложенел кІезиг доцу барта монологически аларш хІитто (монолог-суртхІоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар); Іилманан хаамах лаьцна къамел дан.

Лингвистически теманашна а (Іамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тІехь йолчу теманашна а барамехь 6 репликел кІезиг йоцчу диалогехь дакъалаца.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин тексташка ладогІаран тайп-тайпана кепаш (харжаман, довзийтаран, дуьхенгара) карайерзо.

Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: хьажаран, довзийтаран, Іаморан, лехаман.

Барамехь 120 дашал кІезиг йоцу йешна йа ладоьгІна текст барта схьайийца.

Барамехь 230 дашал кІезиг йоцчу къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн йешначу а, ладоьгІначу а Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин текстийн чулацамах кхета: къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьІнин тайпанийн йешначу а, ладоьгІначу а Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин текстийн чулацам ма-барра, бацбина, хоржуш барта а, йозанан а кепехь схьабийца; (ма-дарра схьадийцарехь йуьхьанцарчу текстан барам 210 дашал кІезиг хила ца беза; дацдина а, харжаман а схьадийцарехь – 230 дашал кІезиг хила ца беза).

Іалашоне а, теме а, коммуникативни дагалацаме а хьаьжжина алар кхоллархьама, меттан гІирсаш къасто.

Йозанехь а, барта къамелехь а вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан, цу йукъахь 110 – 120 дешан барам болу текст тІера схьайазйеш а; 25 – 30 дешан барам болу дешнийн диктант йазйеш а; хьалха Іамийна нийсайазйаран бакъонаш ларйеш хІоттийнчу 110 – 120 дешан барам болчу йозучу текстан буха тІехь диктант йазйеш а; йозанехь къамелан оьздангаллин бакъонаш ларйан; къамелехь бІаьцах а, уьшарех а пайдаэцаран башхаллех кхета; къамелан оьздангаллин барам къоман башхаллашца боьзна хиларх кхето; барта къамелехь а, йозанехь а нохчийн къамелан оьздангаллин бакъонаш ларйан.

**Текст**

Текстан анализ йан, цуьнан коьртачу билгалонашца йогӀуш: темица, коьртачу ойланца, предложенийн грамматически уьйраца, маьӀнин цхьааллица, гӀеххьа йуьзна хиларца; текстехь предложенеш вовшахтосу некъаш а, гӀирсаш а гайта; текстан анализ йан, къамелан функциональни-маьӀнин тайпанан текст хиларе хьаьжжина; текстехь меттан суртхӀотторан гӀирсаш талла.

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьӀнин тайпанийн тексташ йовза; меттан а, жанрийн а тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн тексташ талла; меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а оцу хаарех пайдаэца.

Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна, исбаьхьаллин кхолларалина тӀе а тевжаш, къамелан тайп-тайпана функциональни-маьӀнин тайпанийн тексташ кхолла(цу йукъахь барамехь 7 йа цул сов предложенел кӀезиг йоцу сочиненеш-миниатюраш; сочиненин стилаца а, жанраца а, темин башхаллица а йогӀуш, барамехь 160 дашал кӀезиг йоцу классехь йазйеш йолу сочиненеш).

Текстан хааммаш хийцаран хаарш карадерзо: тезисаш, конспект кхолла; тайп-тайпанчу хьостанашкара, цу йукъахь лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, хаам схьахаржа, дешаран гӀуллакххехь цунах пайдаэца.

Йеллачу темехула болу хаам презентацин кепехь схьагайта.

ЛадоьгӀначу йа йешначу Ӏилманан-дешаран текстан чулацам таблицин, схемин кепехь схьагайта; таблицин, схемин чулацам текстан кепехь схьагайта.

Тексташ тайан: шен/кхечу дешархоша кхоьллина тексташ церан чулацам а, кеп а кхачаме йалоран Ӏалашонца; йуьхьанцара а, тайина а тексташ дуьхь-дуьхьал хӀитто.

**Меттан функциональни тайпанаш**

ГӀуллакхан стилан а (дӀахьедар, кхеторан кехат, автобиографи, характеристика), Ӏилманан стилан а, Ӏилманан стилан коьртачу жанрийн а (реферат, Ӏилманан темина доклад) башхаллаш билгалйаха, текстехь тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн цхьаьнадар а, текстехь предложенеш вовшахтосу гӀирсаш а гучубаха.

ГӀуллакхан стилан (дӀахьедар, кхеторан кехат, автобиографи, характеристика), публицистикин жанрийн тексташ кхолла; гӀуллакхан кехаташ кечдан.

Ӏалашоне а, теме а, коммуникативни дагалацаме а хьаьжжина алар кхоллархьама, меттан гӀирсаш къасто.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

Синтаксисах лингвистикин декъах санна кхетам хилар.

Дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш а синтаксисан дакъош санна довза.

Сацаран хьаьркийн функцеш къасто.

**Дешнийн цхьаьнакхетар**

Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетарш довза: цIеран, хандешан; дешнийн цхьаьнакхетарехь карарчу уьйран тайпа билгалдаккха: бартбар, урхалла, тIетовжар.

Дешнийн цхьаьнакхетарш хIитторан норманех пайдаэца. Урхаллехь а, бартбарехь а дозуш долчу дешан кепах нийса пайдаэца.

Дешнийн цхьаьнакхетарийн синтаксически анализ йан.

**Предложени**

Предложенин а, барта, йозанан къамелехь предложени кечйаран гIирсан а коьртачу билгалонийн башхалонаш билгалйаха; сацаран хьаьркийн функцеш къасто.

Аларан Iалашоне, эмоцин билгалоне хьаьжжина, предложенеш йовза, церан интонацин а, маьIнин а башхаллаш, тIедожоран предложенешкахь хьадар гайтаран меттан кепаш билгалйаха; публицистикин стилан тексташкахь риторически айдарх, схьадийцаран хаттаран-жоьпийн кепех пайдаэца.

Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенеш йовза; подлежащин хиларан кепаш, сказуемин тайпанаш а (хандешан цхьалхе, хандешан хIоттаман, цIеран хIоттаман), сказуемин хиларан кепаш а.

Подлежащиний, сказуеминий йукъахь тире йилларан норманех пайдаэца.

Коьрта а, коьртаза а меженаш хиларе хьаьжжина, предложенеш йовза, йуьззина, йуьззина йоцу предложенеш йовза (диалоган къамелехь йуьззина йоцчу предложенех пайдаэцаран, барта къамелехь йуьззина йоцчу предложенин интонаци ларйаран башхаллех кхета).

Предложенин коьртазчу меженийн тайпанаш къасто (берта а, бертаза а къастамаш, йуххедиллар къастаман шатайпа кеп санна; нийса а, лач а кхачамаш, латтамийн тайпанаш).

ЦхьанахIоттаман предложенеш, церан грамматически билгалонаш, коьрта меженаш билгалйахаран морфологически гIирсаш бовза; цхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш къасто (цIеран предложени, билгала-йуьхьан предложени, билгалза-йуьхьан предложени, йукъара-йуьхьан предложени, йуьхьза предложени); цхьанахIоттаман предложенийн а, шинахIоттаман йуьззина йоцчу предложенийн а грамматически башхаллаш билгалйаха; цхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а предложенийн

синтаксически тера догIург гучудаккха; къамелехь цхьанахIоттаман предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета; ***хIаъ, хIан-хIа*** дешнашца йолчу предложенийн грамматически а, пунктуационни а, интонацин а башхаллаш билгалйаха.

Предложенийн цхьанатайпанчу меженийн а, уьш вовшахтосучу гIирсийн а (хуттургаш йолу а, хуттургаш йоцу а уьйр) билгалонийн башхалонаш билгалйаха; цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш бовза; цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш схьакаро; тайп-тайпанчу кепара йолу цхьанатайпана меженаш цхьаьнайалорах къамелехь пайдаэцаран башхаллех кхета.

Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долчу предложенешкахь сацаран хьаькаш а, йух-йуха йалочу ***а, йа*** хуттургашца йозучу цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаькаш а хIитторан норманех пайдаэца.

Чолхейовлаза цхьалхе предложенеш йовза, цу йукъахь цхьанатайпана боцчу къастамашца йолу предложенеш а; цхьанатайпанчу меженашца чолхейевлла цхьалхе предложенеш, цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долу предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца а, тIедерзарца а, йукъадало дешнашца а, йукъахIитто конструкцешца а, айдардешнашца а чолхейевлла предложенеш а чулоцуш.

Предложенин шакъаьстинчу меженийн тайпанаш къасто, бертачу а, бертазчу а къастамийн (цу йукъахь йуххедиллар а), латтамийн, латтаман дурсийн шакъастаран норманех пайдаэца. Дустаран карчамца йолчу предложенешкахь сацаран хьаькаш хIитторан норманех а; бертачу а, бертазчу а къастамийн (цу йукъахь йуххедиллар а), латтамийн, латтаман дурсийн шакъастаран норманех а; йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзарщца, айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаькаш хIитторан норманех а пайдаэца.

Диалоган а, монологан а къамелехь, кехат йаздарехь, дIакхайкхорехь, и.д.кх. тIедерзарх пайдаэца.

Йукъайало а, йукъахIитто а конструкцеш къасто; йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзарщца, айдардешнашца йолчу предложенех къамелехь пайдаэцаран башхаллех кхета, цара дечу гIуллакхах кхета; предложенин меженех тера догIуш долу йукъадало дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш гучудаха.

Йукъадало дешнашца, предложенешца йукъахIитточу конструкцешца а, тIедерзарщца а (даьржинчу а, даржазчу а), айдардешнашца а йолу предложенеш хIитторан норманех пайдаэца.

Тешна хилар, тайп-тайпана синхаамаш, мах хадор, тидам тIебахийтар, и.д.кх. гайтархьама, къамелехь йукъадалочу дешнех

пайдаэца.

Йукъадалочу дешнашца, йукъахIитточу конструкцешца йолчу предложенешкахь интонаци а, пунктуаци а ларйан.

Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан.

**Ма-дарра а, лач а къамел**

Ма-дарра а, лач а къамел довза; ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенийн цхьаьнадогIург гучудаккха.

Диалог, цитаташ, ма-дарра къамелаца йолу предложенеш а нийса кечйан.

Цитаташ йало а, алар йукъа цитаташ йалоран тайп-тайпанчу кепех пайдаэца а хаа.

Ма-дарра а, лач а къамелаца предложенеш хIитторан, цитаташ йалоран бакъонех пайдаэца.

Ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенешкахь, цитаташ йалорехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонех пайдаэца.

**9 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара кхетам**

Адаман, республикин, йукъараллин дахарехь а нохчийн матто кхочушдечу гIуллакхах кхеташ хила; нохчийн меттан чоьхьарчу а, арахьарчу а функцех кхета а, царах лаьцна дийца хаа а.

**Мотт а, къамел а**

Тидамийн, шен битамийн, Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тIехь барамехь 80 дашал кIезиг доцу барта монологически аларш хIитто: монолог-хаам, монолог-суртхIоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар; Iилманан хаамах лаьцна къамел дан.

Дахаран, Iилманан-дешаран (цу йукъахь лингвистически а), теманашна диалогически а, полилогически а къамел дарехь (гIуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагавалар, хаамах жоп дехар, хаам бар) дакъалаца (барам 6 репликел кIезиг хила ца беза).

Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин тексташка ладогIаран тайп-тайпана кепаш карайерзо (харжаман, довзийтаран, дуьхенгара).

Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо: хьажаран, Iаморан,довзийтаран, лехаман.

Барамехь 130 дашал кIезиг йоцу йешна йа ладоьгIна текст барта схьайийца.

Барамехь 280 дашал кIезиг йоцчу къамелан тайп-тайпанчу

функциональни-маьIнин тайпанийн ладоьгIначу а, йешначу а Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин текстийн чулацамах кхета: къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн ладоьгIначу а, йешначу а Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин текстийн чулацам ма-барра, бацбина, хоржуш барта а, йозанан а кепехь схьабийца; (ма-дарра схьадийцарехь йуьхьанцарчу текстан барам 250 дашал кIезиг хила ца беза; даццдина а, харжаман а схьадийцарехь – 270 дашал кIезиг хила ца беза).

Iалашоне а, теме а, коммуникативни дагалацаме а хьаьжжина алар кхоллархьама, меттан гIирсаш къасто.

Йозанехь а, барта къамелехь а вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан, цу йукъахь 120 – 130 дешан барам болу текст тIера схьайазйеш а; 30 – 35 дешан барам болу дешнийн диктант йазйеш а; хьалха Iамийна нийсайазйаран бакъонаш ларйеш хIоттийнчу 120 – 130 дешан барам болчу йозучу текстан буха тIехь диктант йазйеш а.

**Текст**

Текстан анализ йан: текстан коьрта тема а, ойла а къасто а, царах кхето а; текстан коьрта тема йа ойла гойтуш йолу цIе харжа.

Текстан къамелан функциональни-маьIнин тайпа къасто.

Текстехь тайпаналлин дакъош схьакаро – суртхIоттор, дийцар, ойлайар-тIечIагIдар, мах хадоран аларш.

Текстан чулацам билгалбаккха, цуьнан цIаре, коьрта маьIна чулоцучу дешнашка, дIадолоре йа дерзоре хьаьжжина.

Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолчу текстийн къастаман билгалонаш гучуйаха.

Текстан буха тIехь алар кхолла: йешначуьнца йа ладоьгIначуьнца шен йолу йукъаметтиг барта а, йозанан а кепехь схьагайта.

Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна, исбаьхьаллин произведенешна тIе а тевжаш, teксташ кхолла (цу йукъахь барамехь 8 йа цул сов предложенех лаьтташ йолу а, йа барамехь 6 – 7 чолхе дIахIоттам болчу предложенел кIезиг йоцу а сочиненеш-миниатюраш, нагахь оцу барамо тема схьа-йелла а, коьрта ойла схьагайта а таро хилийтахь); сочиненин стилаца а, жанраца а, темин башхаллица а йогIуш, барамехь 220 дашал кIезиг йоцу классехь йазйеш йолу сочиненеш.

Текстан хаамаш хийцаран хаарш карадерзо: текстехь коьрта а, коьртаза а хаамаш билгалбаха; тайп-тайпанчу хьостанашкара, цу йукъахь лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, хаам схьахаржа, дешаран гIуллакххехь цунах пайдаэца.

Йеллачу темехула болу хаам презентацин кепехь схьагайта. ЛадоьгIначу йа йешначу Iилманан-дешаран текстан чулацам

таблицин, схемин кепехь схьагайта; таблицин, схемин чулацам текстан кепехь схьагайта.

Шен/кхечу дешархоша кхоьллина teксташ тайан, церан чулацам кхачаме балоран Iалашонца (бакъ йолу материал таллар, текстан йуьхьанцара маьIнин анализ – маьIнин цхьаалла, дозуш хилар, хаам хилар).

**Меттан функциональни тайпанаш**

Iилманан стилаца богIуш болчу меттан гIирсийн, пайдаэцаран гуонан, гIуллакхийн, къамел даран тайпаналлин хьелийн, къамелан хьесапийн, исбаьхьаллин литературин меттан коьртачу башхаллийн, исбаьхьаллин произведенехь буьйцучу меттан а, тайп-тайпанчу функциональни стилийн а элементаш цхьаьнайалоран башхалонаш билгалйаха.

Къамелан тайп-тайпана функциональни-маьIнин тайпанийн башхалонаш билгалйаха, цхьана текстехь церан цхьаьнадаран башхаллех кхета; къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанех, меттан функциональни тайпанех йолчу тeксташкахь меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцаран башхаллех кхета.

Шен текст кхолларехь къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанех, меттан функциональни тайпанех йолу текcташ хIитторан норманех а, конспект, тезисаш хIитторан, реферат йазйаран норманех а пайдаэца.

Конспект, тезисаш хIитто, рецензи, реферат йазйан.

Коммуникативни лехамашца а, меттан нийса хиларца а цхьаьнадогIуш долу шен а, кхечеран а тайп-тайпана функциональни хьажам болчу къамелан аларийн мах хадо; къамелан кхачамбацарш нисдан, текст тайан.

Исбаьхьаллин литературин меттан къастаман башхаллаш меттан кхечу функциональни тайпанашца йустарца гучуйаха. Йовза метафора, олицетворени, эпитет, гипербола, дустар, и.д.кх.

**МЕТТАН СИСТЕМА**

**Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци**

**Чолхе предложени**

Чолхечу предложенин дакъошна йукъа синтаксически уьйр тосу коьрта гIирсаш гучубаха.

Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложенеш, хуттургаш йоцу а, хуттургаш йолу а (чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара) предложенеш йовза.

**Чолхе-цхьаьнакхетта предложени**

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин, цуьнан хIоттаман, чолхечу предложенин дакъойн маьIнин, дIахIоттаман,

интонацин цхьааллин башхалонаш билгалйаха.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъошна йукъара маьIнин йукъаметтигаш, дакъошна йукъахь тайп-тайпана маьIнин уьйраш йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн интонацин башхаллаш гучуйаха.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хIотторан коьртачу норманех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цхьанатайпанчу меженашца йолу цхьалхе предложени а грамматически тера йогIуш хиларх кхета; къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца.

**Чолхе-карара предложени**

Чолхе-карара предложени йовза, предложенин коьрта а, тIетуху а дакъош а, чолхе-карарчу предложенин дакъош вовшахтосу гIирсаш а къасто.

Карара хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а довза.

Коьртачу а, тIетухучу а дакъошна йукъарчу маьIнин башхаллашка, дIахIоттаме, уьйран синтаксически гIирсашка хьаьжжина, чолхе-карарчу предложенийн тайпанаш довза; церан хIоттаман башхаллаш гучуйаха.

Масех тIетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш, тIетухучу декъаца (къастаман, кхачаман, латтамийн) йолу чолхе-карара предложенеш билгалйаха.

Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хиларх кхета; къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-карарчу предложенех цхьалхе предложенеш йан а, цхьалхечу предложенех чолхе предложенеш йан а, маьIна а ца хуьйцуш.

Чолхе-карара предложени хIотторан коьртачу норманех а, къамелехь чолхе-карарчу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Чолхе-карарчу предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан.

Чолхе-карара предложенеш хIитторан а, цу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан а норманех пайдаэца.

**Хуттургаш йоцу чолхе предложени**

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин дакъошна йукъарчу маьIнин йукъаметтигийн а, уьш сацаран хьаьркашца, интонацица къасторан а башхалонаш билгалйаха.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн тайпанаш къасто. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех къамелехь нийса пайдаэца.

Хуттургаш йоцу чолхе предложени хIотторан коьртачу грамматически норманех а, къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а, хуттургаш йолу чолхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хилар гучудаккха, къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца; хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца.

## ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

Тематикин планировани йалийна дешаран шеращца, цу тӀехь гайтина теманаш Ӏаморна, карладаккхарна, тайп-тайпанчу талламан белхашна билгалдаькkхина сахьтийн магийна масалла.

Теманаш Ӏаморан рагӀ цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.

Дешархойн гӀуллакхан коьрта тайпанаш хӀора тема Ӏаморехь далийна а, Ӏаморан кхочушдан лору жамӀашка кхачарна тӀехьажийна а ду.

## 5 КЛАСС

Йукъара масалла – 102 сахьт.

Теманаш Ӏаморан рагӀ цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.

Карладаккхар вовшахтохарна сахьтийн магийна масалла – 6 сахьт, царах дешаран шеран йуьххьехь – 3 сахьт; дешаран шеран чаккхенехь – 3 сахьт.

ЖамӀдаран таллам (сочиненеш, изложенеш, талламан белхаш йукъалоцуш) вовшахтохарна а, дӀабахьарна а сахьтийн магийна масалла – 12 сахьт.

| **Тематикин дакъош, теманаш** | **Коьрта чулацам** | **Дешархойн гӀуллакхдаран коьрта тайпанаш** |
|---|---|---|
| МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА ХААМАШ (2 с) | | |
| Нохчийн меттан хьал а, исбаьхьалла а. Лингвистика маттах лаьцна Ӏилма санна. Лингвистикин коьрта дакъош | Нохчийн меттан хьал а, исбаьхьалла а (шуьйра дешнийн дӀахӀоттам, дукха маьӀнаш долу дешнаш хилар, дешан тӀедеанчу маьӀнин кхиъна къепе, синонимаш а, антонимаш а, кицанаш а, аларш а). Нохчийн меттан дошкхолладаларан таронаш (йуьхьанцарчу ишколехь Ӏамийначун барамехь). Лингвистикин коьрта дакъош (фонетика, орфоэпи, графика, орфографи, лексикологи, дошкхолладалар, морфологи, синтаксис, пунктуаци). Мотт адамийн тӀекаренан гӀирс санна. Меттан а, къамелан а коьрта дакъош: аз, морфема, дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени | Дукха маьӀнаш долчу дешнийн лексически маьӀнийн анализ йан, дешан нийса а, тӀедеана а маьӀнаш, синонимийн могӀаречу дешнийн а, антонимийн а маьӀнаш дуста. Йиначу анализан буха тӀехь нохчийн меттан хазаллех а, хьолах а хетарг ша кепе дало. Лингвистикин коьртачу дакъойн башхалонаш билгалйаха. Дешнаш а, йукъараллин хьаьркаш а (некъан хьаьркаш, сервисан хьаьркаш, хьалхенцара хьаьркаш, математикин символаш, и.д.кх.) йустарна бахьанаш къасто. Хьаьркийн къепен а, адамийн тӀекаренан гӀирсан а санна меттан башхалонаш билгалйаха. Меттан а, къамелан а коьрта дакъош каро а, |

| | | |
|---|---|---|
| | | дуста а (йуьхьанцарчу ишколехь Іамийнчун барамехь) |
| МОТТ А, КЪАМЕЛ А (2 с) | | |
| Мотт а, къамел а.<br>Монолог.<br>Диалог.<br>Полилог.<br>Мотт гІуллакхдар санна | Барта а, йозанан а къамел, монолог а, диалог а, полилог а. Маршалла хаттаран, Іодикайаран, дехаран, баркаллин къамелан кепаш.<br>Къамелан гІуллакхан тайпанаш (къамел дар, ладогІар, йешар, йаздар), церан башхаллаш. | Дахарехь биначу тидамийн, Іилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Іилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тІехь барта монологически аларш хІитто.<br>Йешна йа ладоьгІна текст барта схьайийца, цу йукъахь дийцархочун йуьхь хуьйцуш а.<br>Лингвистически теманаша йолчу диалогехь а (Іамийнчун барамехь), дахарехь биначу тидамийн буха тІехь йолчу диалогехь/ полилогехь а дакъалаца.<br>Барта а, йозанехь а текстан тема а, коьрта ойла а билгалйаккха; текстан чулацамца догІу хаттарш хІитто а, царна жоьпаш дала а.<br>Йуьхьанцарчу текстан чулацаман анализ йан, йозанан кепехь ма-барра а, бацбина а иза бовзийта.<br>Дахарехь а, книгаш йешарехь а зеделлачунна, чулацаман суьртана тІе а тевжаш, тайп-тайпана сочиненеш йазйар (цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш а) |
| ТЕКСТ (4 с) | | |
| Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а.<br>Текстан композиционни дІахІоттам.<br>Къамелан функцинальни-маьІнин тайпанаш. | Текстах кхетам. Текстан маьІнин цхьаалла. Текстан тема а, коьрта ойла а. Текстан микротема. Текстан композиционни дІахІоттам.<br>Абзац текст композиционни-маьІнин дакъошка йекъаран гІирс санна. | Текстан коьрта билгалонаш йовза; текст композиционни-маьІнин дакъошка (абзацашка) йекъа.<br>Текстан предложенеш а, дакъош а вовшахтосу гІирсаш (дешан кепаш, цхьанаораман (гергара) дешнаш, синонимаш, |

| | | |
|---|---|---|
| Дийцар къамелан тайпа санна. Дийцар. Текстан маьIнин анализ. Текстан хаамаш хийцар | Текстан предложенеш а, дакъош а вовшахтосу гIирсаш: дешан кепаш, цхьанаораман (гергара) дешнаш, синонимаш, антонимаш, йаххьийн цIерметдешнаш, дешан йухаалар. Къамелан функциональни-маьIнин тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайар; церан башхаллаш. Дийцар къамелан тайпа санна. Дийцар. Текстан маьIнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн, абзацийн, текстехь предложенеш вовшахтосучу кепийн а, гIирсийн а; меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцар (Iамийнчун барамехь). Йешначу йа ладоьгIначу текстан чулацам ма-барра а, хоржуш а, бацбина а схьабийцар. Дийцархочун йуьхь а хуьйцуш, текстан чулацам схьабийцар. Текстан хаамаш хийцар: текстан цхьалхе а, чолхе а хьесап | антонимаш, йаххьийн цIерметдешнаш, дешан йухаалар) бовза; шен текст (барта а, йозанан а) кхолларехь оцу хаарех пайдаэца. Текстан анализ йан а, башхалонаш билгалйаха а, цуьнан коьрта билгалонашца (тема, коьрта ойла, предложенийн грамматически уьйр, маьIнин цхьаалла, гIеххьа йуьзна хилар) йогIуш хиларе хьаьжжина а; къамелан функциональни-маьIнин тайпанан текст хиларе хьаьжжина а. Текстехь бийцинчу хиламийн, процессийн уьйр билгалйаккха. Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, къамелан функциональни-маьIнин тайпанан (дийцар) тексташ кхолла; чулацаман суьртана тIе а тевжаш, тексташ кхолла; Кеп талхийна текст йухаметтахIотто; йуьхьанцарчу текстана тIе а тевжаш, йухаметтахIоттийна текст нисйан. Шен/кхечу дешархоша кхоьллина тексташ тайан, церан чулацам кхачаме балоран Iалашонца: бакъ йолчу материалан мах хадо, текстан анализ йан, маьIнин цхьаалле, дозуш хиларе, хаам хиларе хьаьжжина. Йуьхьанцара а, тайина а тексташ йуста |

| МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (2 с) | | |
|---|---|---|
| Меттан функциональни тайпанаш (йукъара кхетам) | Меттан функциональни тайпанех лаьцна йукъара кхетам: буьйцучу маттах, функциональни стилех (Iилманан, гIуллакхан, публицистически), исбаьхьаллин литературин маттах | Меттан тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн (буьйцучу меттан, функциональни стилийн (Iилманан, гIуллакхан, публицистически), исбаьхьаллин литературин меттан) тексташ йовза |
| МЕТТАН КЪЕПЕ (33 с) | | |
| Фонетика. Графика. Орфоэпи (11 с) | Фонетика а, графика а лингвистикин дакъош санна. Аз меттан дакъа санна. Озан маьIна къасторан гIуллакх. Нохчийн меттан мукъачу аьзнийн система. Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн система. Къамелан дарехь аьзнийн хийцадалар. Фонетически транскрипцин элементаш. Дешдакъа. Тохар. Аьзнаш, элпаш цхьаьнадар. Нохчийн алфавитан хIоттам. Дош фонетически къастор. Орфоэпи лингвистикин дакъа санна. Интонаци, цуьнан функцеш. Интонацин коьрта элементаш. | Къамелан озан маьIна къасторан гIуллакхах кхета, масалш дало. Йалийнчу билгалонашца къамелан аьзнаш довза, дешан аьзнийн хIоттам бовза. Йалийнчу билгалонашца аьзнаш тайпанашка декъа. Зевне а, къора а мукъаза аьзнаш, деха а, доца а мукъа аьзнаш къасто. Транскрипцин элементийн гIоьнца дешнаш аларан а, йаздаран а башхаллех кхето. Дешан аьзнийн а, элпийн а хIоттамаш буста. Дешнаш дешдакъошка декъа а, дешнаш цхьана могIанера вукху могIане нийса сехьадаха а. Iалашонца а, эмоцин билгалонца а тайп-тайпана долу аларш нийсачу интонацица ала |
| Орфографи (2 с) | Орфографи лингвистикин дакъа санна. ***Й*** элпан нийсайаздар. Къасторан ***ъ, ь*** хьаьркийн нийсайаздар. | Нийсайаздаран практикехь орфографех долчу хаарех пайдаэца (цу йукъахь ***й*** элпан а, къасторан ***ъ, ь*** хьаьркийн а нийсайаздарх долу хаарш а). Оьшу хаам каро а, цунах пайдаэца а |
| Лексикологи | Лексикологи | Дешан лексически |

| | | |
|---|---|---|
| (7 с) | лингвистикин дакъа санна.<br>Дош – меттан коьрта дакъа.<br>Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш.<br>Дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш.<br>Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.<br>Лексически дошамийн тайпанаш а (маьIнин дошам,<br>синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамаш),<br>ненан меттан дешнийн хьал карадерзорехь цара ден гIуллакх а.<br>ЦIена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш | маьIнех кхето тайп-тайпанчу кепашца (цхьанаораман (гергара) дешнаш харжар; синонимаш, антонимаш, омонимаш харжар; дешан маьIна къастор, контексте хьаьжжина а, маьIнин дошаман гIоьнца а). Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш довза, дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш къасто. Йеллачу билгалонца дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш дуста.<br>Синонимаш, антонимаш, омонимаш йовза, дукха маьIнаш долу дешнаш а, омонимаш а къасто.<br>ЦIена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш довза.<br>Тайп-тайпанчу лексически дошамашкахь (маьIнин дошамаш, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамаш)<br>оьшу хаам каро а, цунах пайдаэца а |
| Фразеологи<br>(3 с) | Фразеологизмаш, церан маьIна, царах пайдаэцар.<br>Фразеологически эквиваленташ оьрсийн маттахь.<br>Фразеологически дошамаш. | Фразеологизмаш йовза. Фразеологизмийн маьIна дийца, уьш синонимашца а, йукъарчу дешнийн цхьаьнакхетаршца а хийца.<br>Къамелехь фразеологически карчамех пайдаэца, пайдаэцаран гуо а, тIекаренан хьелаш а лоруш |
| Дешан хIоттам а, дошкхолладалара<br>(10 с) | Морфема меттан уггар жима маьIне дакъа санна. Дешан лард. Морфемийн тайпанаш<br>(орам, дешхьалхе, суффикс чаккхе).<br>Цхьанаораман (гергара) дешнаш.<br>Нохчийн маттахь дешнаш кхолладаларан коьрта | Морфемин меттан уггар жимачу маьIнечу декъан санна башхалонаш билгалйаха. Дашехь морфемаш йовза (орам, дешхьалхе, суффикс, чаккхе), дешан лард схьакъасто.<br>Дешнийн кхолладаларехь а, |

| | | |
|---|---|---|
| | кепаш.<br>Дешнаш кхолладаларехь а, хийцадаларехь а морфемашкахь мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн хийцадалар.<br>Дешнийн морфемни анализ | хийцадаларехь а морфемашкахь хийцалуш долу аьзнаш каро.<br>Дешнийн морфемни анализ йан.<br>Цхьанаораман (гергара) дешнаш къасто а, харжа а |
| МОРФОЛОГИ. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ОРФОГРАФИ (14 с) | | |
| Морфологи лингвистикин дакъа санна<br>(1 с) | Морфологи лингвистикин дакъа санна.<br>Къамелан дакъош дешнийн лексико-грамматически тайпанаш санна. Нохчийн маттахь къамелан дакъойн къепе. Коьрта къамелан дакъош, церан грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх | Дешан грамматически маьIнин башхаллаш билгалйаха а, церан анализ йан а, лексически маьIница дуьстича.<br>Коьрта къамелан дакъош а, церан кепаш а (Iамийнчун барамехь), гIуллакхан къамелан дакъош а (йукъара кхетам) довза.<br>Морфологин коьрта кхетамаш бовза.<br>Коьртачу къамелан дакъойн ладаме билгалонаш хаа.<br>Дешнийн лексико-грамматически тайпанах санна къамелан декъах, дешан грамматически маьIнех, нохчийн маттахь дешарна тIехьажийна декхарш кхочушдарна леринчу къамелан дакъойн къепех долчу хаарех пайдаэца.<br>ЦIердешнаш, билгалдешнаш, хандешнаш довза.<br>Тайп-тайпана меттан анализ кхочушйарехь а, къамел дарехь а морфологех долчу хаарех пайдаэца |
| ЦIердош<br>(13 с) | ЦIердош къамелан дакъа санна. ЦIердешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цIердешан гIуллакх. | ЦIердешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто а, церан башхалонаш билгалйаха а. Къамелехь цIердашо |

| | | |
|---|---|---|
| | Долахь а, йукъара а цIердешнаш. Долахь цIердешнийн нийсайаздар. ЦIердешнийн грамматически классаш. ЦIердешнийн терахь. Цхьаллин йа дукхаллин терахьан бен кеп йоцу цIердешнаш. ЦIердешнийн легарш. Дожарийн маьIна. ЦIердешнаш кхолладаларан некъаш. ЦIердешнашца ***ца*** нийсайаздар. ЦIердешнаш морфологически къастор | кхочушдечу гIуллакхах кхето. Долахь а, йукъара а цIердешнаш, са долу а, са доцу а хIума билгалйен цIердешнаш къасто. ЦIердешнийн легарш къасто. ЦIердешнийн грамматически классаш йовза. ЦIердешнийн дукхаллин терахьан кепаш нийса кхолла а, къамелехь царах пайдаэца а. ЦIердешнийн морфологически анализ йан. ЦIердешнийн нийсайаздаран норманаш (цу йукъахь цIердешнашца ***ца*** нийсайаздаран норма а) ларйан |
| СИНТАКСИС. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ПУНКТУАЦИ (27 с) | | |
| Синтаксис лингвистикин дакъа санна. Дешнийн цхьаьнакхетар (7 с) | Синтаксисах лаьцна кхетам. Пунктуацех лаьцна кхетам. Сацаран хьаьркаш а, церан функцеш а. Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а синтаксисан дакъош санна. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан билгалонаш а. Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта тайпанаш (цIеран а, хандешан а) | Синтаксисан дакъош довза (дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а). Сацаран хьаьркийн функцеш къасто. Предложенера дешнийн цхьаьнакхетарш къасто; коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетарийн тайпанаш довза (цIеран, хандешан). Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнаш цхьаьнакхетаран норманаш талхор къасто |
| Цхьалхе шинахIоттаман предложени | Предложени а, цуьнан билгалонаш а. Предложенийн тайпанаш, | Аларан Iалашоне хьаьжжина (дийцаран, тIедожоран, хаттаран), |

| | | |
|---|---|---|
| (20 с) | аларан Іалашоне а, эмоцин билгалоне а хьаьжжина. Дийцаран, хаттаран, тІедожоран; айдаран а, айдаран йоцчу а предложенийн маьІнин а, интонацин а башхаллаш. Предложенин чаккхенехь сацаран хьаьркаш. Интонаци. Предложенин коьрта меженаш (грамматически лард). Сказуемин подлежащица барт хилар. Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе. Йаьржина а, йаржаза а предложенеш. Предложенин коьртаза меженаш. Къастам а, и гайтаран гІирсаш а. Кхачам а (нийса а, лач а), и гайтаран тайпаналлин гІирсаш а. Латтам, и гайтаран тайпаналлин гІирсаш (Іамийнчун барамехь), маьІне хьаьжжина, латтамийн тайпанаш. Предложенин цхьанатайпана меженаш, къамелехь цара деш долу гІуллакх. ТІедерзарца йолу предложени. Диалог. Цхьалхечу предложенин синтаксически къастам | эмоцин билгалоне хьаьжжина (айдаран, айдаран йоцу), грамматически лардийн масалле хьаьжжина (цхьалхе, чолхе), коьртаза меженаш хиларе хьаьжжина (йаьржина, йаржаза) предложенеш йовза а, церан башхалонаш билгалйаха а. Йаьржина, йаржаза предложенеш къасто, уьш йустарна бахьанаш каро а, йуста а. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш къасто (Іамийнчун барамехь). Цхьанатайпанчу меженашца, тІедерзарца чолхейевлла цхьалхе предложенеш йовза. ТІедерзарх пайдаэца диалогически а, монологически а къамелехь, кехат тІехь, дІакхайкхорехь, и.д.кх. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІитторан пунктуационни норманаш йозанехь ларйан. Цхьалхечу предложенин синтаксически анализ йан. Цхьалхе, чолхе предложенеш йовза |

## 6 КЛАСС

Йукъара масалла – 102 сахьт.
Теманаш Іаморан рагІ цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.
Карладаккхар вовшахтохарна сахьтийн магийна масалла – 6 сахьт, царах дешаран шеран йуьххьехь – 3 сахьт; дешаран шеран чаккхенехь – 3 сахьт.
ЖамІдаран таллам (сочиненеш, изложенеш, талламан белхаш йукъалоцуш) вовшахтохарна а, дІабахьарна а сахьтийн магийна масалла – 13 сахьт.

| **Тематикин дакъош, теманаш** | **Коьрта чулацам** | **Дешархойн гӀуллакхан коьрта тайпанаш** |
|---|---|---|
| МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА ХААМАШ (1 с) | | |
| Нохчийн меттан коьрта функцеш | Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, нохчийн историн, культурин синъоьздангалле кхачоран гӀирс а. Литературин маттах лаьцна кхетам | Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, нохчийн историн, культурин синъоьздангалле кхачоран гӀирс а санна нохчийн матто дечу гӀуллакхан башхалонаш билгалйаха. Тайп-тайпанара хьостанашкара хаам схьаэца |
| МОТТ А, КЪАМЕЛ А (3 с) | | |
| Къамелан тайпанаш. Монолог а, диалог а. Церан башхаллаш а | Монолог-суртхӀоттор, монолог-дийцар, монолог-ойлайар; лингвистически темина хаам. Диалоган тайпанаш: гӀуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар | Дахарехь биначу тидамийн, Ӏилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Ӏилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тӀехь барта монологически аларш хӀитто (монолог-суртхӀоттор, монолог-дийцар, монолог-ойлайар); лингвистически темина болчу хаамца къамел дан (дешаран шарахь). Тайп-тайпана диалогаш хӀитто: гӀуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар. Вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш хаарна тӀе а тевжаш, шен тексташ тайан (дешаран шарахь) |
| ТЕКСТ (5 с) | | |
| Текстан хаамаш хийцар. Функциоальни-маьӀнин тайпанаш. СуртхӀотторан тайпанаш. Текстан маьӀнин анализ | Текстан маьӀнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн а, абзацийн а, текстехь предложенеш вовшахтосучу кепийн а, гӀирсийн а; меттан суртхӀотторан гӀирсех пайдаэцар (Ӏамийнчун барамехь). Текстан хаамаш хийцар. Текстан хьесап (цхьалхе, чолхе; цӀеран, хаттаран); | Текстан анализ йан, цуьнан коьртачу билгалонашца йогӀуш (тема, коьрта ойла, предложенийн грамматически уьйр, маьӀнин цхьаалла, гӀеххьа йуьзна хилар); иза къамелан функциональни-маьӀнин тайпанан текст хиларе хьаьжжина; текстан композиционни |

| | | |
|---|---|---|
| | текстан коьрта а, коьртаза а хаам; текст схьайийцар. СуртхIоттор къамелан тайпа санна. Адаман куьцан суртхIоттор. ХIусаман суртхIоттор. Iаламан суртхIоттор. Меттиган суртхIоттор. Ардамийн суртхIоттор | башхаллашка а, микротемийн, абзацийн масалле а хьаьжжина. Текстан хаамаш хийца: барта а, йозанан а кепехь текстан чулацам йухаметтахIотторан Iалашонца йешначу текстан хьесап хIотто (цхьалхе, чолхе; цIеран, хаттаран); ладоьгIначу а, йешначу а текстехь коьрта а, коьртаза а хаам гучубаккха. Текст схьайийца. Iилманан-дешаран текстан чулацам таблицин, схемин кепехь схьагайта; таблицин, схемин чулацам текстан кепехь схьагайта. Къамелан функциональни-маьIнин тайпанин текстийн (дийцар, суртхIоттор, ойлайар) башхалонаш билгалйаха. СуртхIотторан башхаллаш къамелан тайпанан санна билгалйаха. Текст-суртхIоттор кхолла: барта а, йозанехь а адаман куьцан, хIусаман, Iаламан, меттиган, ардамийн суртхIотто. Суьртана, кхолларалл ин произведенина тIе а тевжаш, тексташ кхолла, цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш, классехь йазйеш йолу сочиненеш |
| МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (3 с) | | |
| ГIуллакхан стиль. Iилманан стиль | ГIуллакхан стиль. ДIахьедар. Тешалла далар. Iилманан стиль. Дошаман статья. Iилманан хаам | ГIуллакхан стилан, Iилманан-дешаран стилан башхалонаш билгалйаха; дошаман статья а, Iилманан хаам а хIотторан лехамаш бийца; меттан а, жанрийн а тайп-тайпанчу стилийн |

| | | |
|---|---|---|
| | | а, жанрийн а тексташна анализ йан (дийцар, дIахьедар, тешалла далар; дошаман статья, Iилманан хаам). Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, къамелан функциональни-маьIнин тайпанийн тексташ кхолла (дийцар, суртхIоттор, ойлайар) |
| МОРФОЛОГИ. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ОРФОГРАФИ (71 с) | | |
| Билгалдош (15 с) | Билгалдош къамелан дакъа санна. Билгалдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Мухаллин а, йукъаметтигаллин а билгалдешнаш. Мухаллин билгалдешнийн даржаш. Берта а, бертаза а билгалдешнаш. Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш. Билгалдешнаш терахьашца а, классашца а хийцадалар. Билгалдешнаш легадар. Билгалдешнаш кхолладаларан некъаш. Билгалдешнаш морфологически къастор. Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар. Билгалдешнаш морфологически къастор | Билгалдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто а, церан башхалонаш билгалйаха а. Къамелехь билгалдашо дечу гIуллакхах кхето. Мухаллин, йукъаметтигаллин билгалдешнаш а, мухаллин билгалдешнийн даржаш а довза. Берта а, бертаза а билгалдешнаш, лааме а, лаамаза а билгалдешнаш къасто. Билгалдешнийн дошкхолладаларан башхаллийн анализ йан. Билгалдешнаш нийса легадан. Билгалдешнаш терахьашца а, классашца а хийца. Билгалдешнашна морфологически анализ йан |
| Терахьдош (19 с) | Терахьдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. МаьIне хьаьжжина, терахьдешнийн тайпанаш: масаллин, рогIаллин терахьдешнаш. ХIоттаме хьаьжжина, | Терахьдешнаш довза; терахьдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто. Масаллин маьIна долчу кхечу къамелан дакъойн дешнех терахьдешнаш къасто. |

| | | |
|---|---|---|
| | терахьдешнийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе, хIоттаман терахьдешнаш.<br>Берта а, бертаза а терахьдешнаш.<br>Лааме а, лаамаза а терахьдешнаш.<br>Терахьдешнийн дошкхолладалар.<br>Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнийн легадалар.<br>Гулдаран терахьдешнех нийса пайдаэцар.<br>Терахьдешнаш морфологически къастор.<br>Терахьдешнийн нийсайаздаран норманаш: терахьдешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар; терахьдешнийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар | Цхьалхе, чолхе, хIоттаман терахьдешнаш къасто.<br>Берта а, бертаза а терахьдешнаш къасто.<br>Лааме а, лаамаза а терахьдешнаш довза.<br>Терахьдешнаш легадан а, церан легаран, дошкхолладаларан, синтаксически функцийн башхалонаш билгалйаха а.<br>Iилманан teксташкахь, гIуллакхан къамелехь терахьдешнех пайдаэцаран башхаллаш, къамелехь цара дечу гIуллакхан башхалонаш билгалйаха.<br>Гулдаран терахьдешнех пайдаэцаран масалийн анализ йан.<br>Терахьдешнийн нийсайаздаран норманаш ларйан: цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар; терахьдешнийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар.<br>Терахьдешнашна морфологически анализ йан |
| ЦIерметдош (17 с) | ЦIерметдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цIерметдешан гIуллакх.<br>МаьIне а, грамматически билгалонашка а хьаьжжина, цIерметдешнийн тайпанаш.<br>ЦIерметдешнийн легар.<br>Терахьдешнашна морфологически къастор.<br>ЦIерметдешнийн нийсайаздаран норманаш | ЦIерметдешнаш довза; йукъара грамматически маьIна къасто.<br>ЦIерметдешнийн тайпанаш къасто.<br>ЦIерметдешнийн легаран, синтаксически функцийн, къамелехь дечу гIуллакхан башхалонаш билгалйаха.<br>ЦIерметдашах пайдаэцарехь къамелан гIалат даьккхина йаккхий йоцу teксташ тайан.<br>Предложенешкахь цIерметдешнех пайдаэца хаа литературин меттан норманаш а, стилаш а |

| | | |
|---|---|---|
| | | ларйеш.<br>ЦІерметдешнийн морфологически анализ йан |
| Хандош<br>(20 с) | Хандош къамелан дакъа санна. Хандешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш.<br>Къамелехь хандешан гIуллакх.<br>Инфинитив а, цуьнан грамматически билгалонаш а.<br>Хандешан хенаш.<br>Карарчу хенан хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар.<br>Йахана хан а, цуьнан кепаш а.<br>ЙогIу хан а, цуьнан кепаш а.<br>Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а кепаш.<br>Хандешан терахьашца а, классашца а хийцадалар.<br>Хандешнаш буьззина боцу морфологически къастам (Iамийнчун барамехь) | Хандешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш къасто а, церан башхалонаш билгалйаха а; къамелехь цо дечу гIуллакхах кхето.<br>Хандешан инфинитиван (билгалзачу кепан) грамматически билгалонаш йийца.<br>Грамматически билгалонашка а, маьIне а хьаьжжина, карарчу, йаханчу, йогIучу хенан хандешнаш къасто.<br>Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а кепаш къасто.<br>Терахьашца а, классан гайтамашца а хийцалуш долчу хандешнех предложенешкахь пайдаэцца хаа.<br>Хандешнашна йуьззина йоцу морфологически анализ йан (Iамийнчун барамехь) |

## 7 КЛАСС

Йукъара масалла – 102 сахьт.
Теманаш Iаморан рагI цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.
Карладаккхар вовшахтохарна сахьтийн магийна масалла – 6 сахьт, царах дешаран шеран йуьххьехь – 3 сахьт; дешаран шеран чаккхенехь – 3 сахьт.
ЖамIдаран таллам (сочиненеш, изложенеш, талламан белхаш йукъалоцуш) вовшахтохарна а, дIабахьарна а сахьтийн магийна масалла – 13 сахьт.

| **Тематикин дакъош, теманаш** | **Коьрта чулацам** | **Дешархойн гIуллакхан коьрта тайпанаш** |
|---|---|---|
| МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА ХААМАШ (1 с) | | |
| Нохчийн мотт кхуьуш | Нохчийн маттах кхуьуш болчу хиламах санна | Нохчийн меттан кхуьуш болчу хиламан санна |

| | | |
|---|---|---|
| болу хилам санна | кхетам. Къоман меттан, культурин, историн уьйр. Меттан кхиаран вайзаманан муьрехь хуьлу хийцамаш | башхалонаш билгалйаха (Іамийнчун барамехь). Къоман меттан а, культурин а, историн а уьйрах кхета (масалш дало). Меттан кхиаран вайзаманан муьрехь хуьлучу хийцамийн бахьанех кхето |
| МОТТ А, КЪАМЕЛ А (3 с) | | |
| Монолог а, цуьнан тайпанаш а. Диалог а, цуьнан тайпанаш а | Монологан тайпанаш: монолог-суртхІоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар. Диалоган тайпанаш: гІуллакх дан дагадаийтар, вовшех дагабовлар, хаамах жоп дехар, хаам бар | Дахаран, Іилманан-дешаран (цу йукъахь лингвистически а) теманашна тайп-тайпана монологаш кхолла (дешаран шарахь). Тайп-тайпанчу диалогашкахь дакъалаца: диалогехь-хаамах жоп дехарехь (хаттар хІотто а, дала а; тайп-тайпанчу репликех-дог дайитарех шен меттехь пайдаэца; тІедузаран хаамах жоп деха); диалогехь-хаам барехь (хаамца маьІне йолу текст хІотто; ойлайан а, шен дагалацам нийса кхочушбан а; тидам тІеберзо а, сацо а, къамелхочуьнца нийса къамел дан) (дешаран шарахь) |
| ТЕКСТ (3 с) | | |
| Текстан коьрта билгалонаш (карладаккхар). Ойлайар къамелан функциональни-маьІнин тайпа санна. Текстан хаамаш хийцар. Текстан маьІнин анализ | Текст маьІнин цхьааллин, дозуш хиларан, гІеххьа йуьзна хиларан лехамашца йогІуш хилар. Текстан-ойлайаран чулацам а, дІахІоттам а. Текстан хаамаш хийцар: текстан хьесап (цхьалхе, чолхе; цІеран, хаттаран, тезисан); текстан коьрта а, коьртаза а хаам. Текстан композиционни башхаллаш; микротемаш а, абзацаш а; текстехь предложенеш вовшахтосу кепаш а, гІирсаш а; меттан суртхІотторан гІирсаш | Текстан башхалонаш билгалйаха, маьІнин цхьааллин, дозуш хиларан, гІеххьа йуьзна хиларан, композиционни башхаллийн лехамашца йогІуш хиларе хьаьжжина. Шен гІеххьа дуьзна барта а, йозанан а аларш кхолларехь дикачу текстан лехамех долчу хаарех пайдаэца. СуртхІоттор кхолларехь меттан гІирсийн гІуллакх гучудаккха. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Йозанехь текст-ойлайар ма-йарра схьайийца, цуьнан композиционни-къамелан башхаллаш а ларйеш. Текст-ойлайар кхолла. Іилманан-дешаран текстан чулацаман анализ йан, цуьнан хаамаш хийца, тайп-тайпана хьесапаш хІитто. Текстан микротеманаш гучуйаха. Текст абзацашка йекъар кхочушдан. Текстехь предложенеш вовшахтосу кепаш а, гІирсаш а гучубаха. Йеллачу темина презентацин кепехь хаам схьагайта |
| МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (3 с) | | |
| Къамелан стилаш | Меттан функциональни тайпанех кхетам: буьйцу мотт, функциональни стилаш (Іилманан, публицистикин, гІуллакхан), исбаьхьаллин литературин мотт. Публицистикин стиль: пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш. Публицистикин стилан жанраш (интервью, йоза, репортаж). ГІуллакхан стиль: пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш | Меттан функциональни стилийн (Іилманан, публицистикин, гІуллакхан) башхалонаш билгалйаха. Публицистикин а, гІуллакхан а стилийн тексташ йовза, пайдаэцаран гуонан, коьртачу декхаран, стилийн башхаллийн, текстехь пайдаэцначу меттан гІирсийн анализна тІе а тевжаш. Интервьюн, репортажан, йозанан жанран-стилистикин башхаллаш билгалйаха. Публицистикин стилан жанрийн тексташ (интервью, репортаж, йоза) кхолла |
| МЕТТАН КЕП | | |
| МОРФОЛОГИ. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА (73 с) | | |
| Морфологи меттан Іилманан дакъа санна (жамІ дар) (1 с) | Къамелан дакъойн къепе. Коьрта къамелан дакъош. ГІуллакхан къамелан дакъош | Коьрта а, гІуллакхан а къамелан дакъойн дешнаш къасто. Коьртачу къамелан дакъойн дешнийн морфологически анализ |

| | | |
|---|---|---|
| | | йан (Іамийнчун барамехь) |
| Хандош<br>(18 с) | Хандешан 1-ра а, 2-гІа а спряженеш. Дешан орамехь мукъа аьзнаш хийцадалар.<br>Хандешан билгала, бехкаман, лааран, тІедожоран саттамаш.<br>Кхечуьнга довлу а, ца довлу а хандешнаш.<br>Хандешан латтаман а, хаттаран а кепаш.<br>Хандешнийн дошхийцаран норманаш.<br>Хандош морфологически къастор.<br>Хандешнашца дацаран дакъалгаш (***ца, ма***) нийсайаздар | Хандешан спряженеш къасто, хандешнаш спряженешца хийца.<br>Хандешан саттамаш а, билгалчу, бехкаман, лааран, тІедожоран саттамашкахь долчу хандешнийн маьІна а къасто.<br>Кхечуьнга довлу а, ца довлу а хандешнаш къасто.<br>Хандешан латтаман а, хаттаран а кепаш къасто.<br>Хандешнийн нийсайаздаран норманех пайдаэца.<br>Хандешнийн морфологически анализ йан |
| Причасти хандешан кеп санна<br>(10 с) | Причастехь хандешан а, билгалдешан а билгалонаш.<br>Предложенехь причастин синтаксически гІуллакх.<br>Карарчу, йаханчу, йогІучу хенан причастеш.<br>Лааме а, лаамаза а причастеш.<br>Причастин легар.<br>Причасти морфологически къастор.<br>Причастин карчам.<br>Причастин карчамца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.<br>Причастешца ***ца*** цхьаьна а, къаьстина а йаздар | Причастеш шайн йукъарчу билгалонашца йовза.<br>Дустарна бахьанаш къасто а, причастеш хандешнашца, билгалдешнашца йуста а.<br>Карарчу, йаханчу, йогІучу хенан причастеш къасто.<br>Предложенин хІоттамехь причастин карчам бовза, цуьнан дозанаш, ша билгалдечу дашна хьалха, тІехьа лаьтташ хилар къасто.<br>Причастин карчамца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІитторах кхето.<br>Причастин карчамца йолу предложенеш хІитто.<br>Причастийн морфологически анализ йан.<br>Текстехь причастин гІуллакхан башхалонаш |

| | | |
|---|---|---|
| | | билгалйаха.<br>Лааме а, лаамаза а причастеш къасто а, къамелехь царах пайдаэца а.<br>Причастеш легайан |
| Деепричасти хандешан кеп санна<br>(9 с) | Деепричастин йукъара грамматически маьIна.<br>Деепричастехь хандешан а, куцдешан а билгалонаш цхьаьнайар.<br>Карарчу, йаханчу, йогIучу хенан деепричастеш.<br>Деепричастин карчам.<br>Деепричастица а, деепричастин карчамца а йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.<br>Предложенехь деепричастин гIуллакх.<br>Деерichасти морфологически къастор.<br>Деепричастешца дацаран дакъалг ***ца*** нийсайаздар | Деепричастеш шайн йукъарчу билгалонашца йовза.<br>Дустарна бахьанаш къасто а, деепричастеш хандешнашца, куцдешнашца йуста а.<br>Карарчу, йаханчу, йогIучу хенан деепричастеш кхолла.<br>Карарчу а, йаханчу а, йогIучу а хенан деепричастеш кхолла.<br>Предложенин хIоттамехь деепричастин карчам бовза, цуьнан дозанаш къасто.<br>Деепричастин карчамца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIиттораx кхето.<br>Деепричастин карчамца йолу предложенеш хIитто.<br>Деепричастешца дацаран дакъалг ***ца*** нийсайаздаран бакъонах пайдаэца.<br>Деепричастийн морфологически анализ йан.<br>Текстехь деепричастин гIуллакхан башхалонаш билгалйаха |
| Масдар<br>(8 с) | Масдаран коьрта грамматически билгалонаш а, предложенехь цуьнан синтаксически гIуллакх а.<br>Масдаран грамматически категореш: терахь, классан гайтам.<br>Масдаран легар.<br>Масдаран карчам.<br>Масдаран карчамехь сацаран хьаьркаш. | Масдарш довза а, предложенешкахь масдарех нийса пайдаэца хаа.<br>Масдарш, терахьашка а, классан гайтамашка а хьаьжжина, къасто.<br>Масдарш легадан.<br>Къамелан тайп-тайпанчу кепашка а, стилашка а хьаьжжина, дозучу къамелехь масдаран |

| | | |
|---|---|---|
| | Масдарца ***ца*** нийсайаздар | карчамех пайдаэца. Масдаран карчамца йолчу предложенехь нийса сацаран хьаьркаш хIитто. Масдарца ***ца*** нийсайаздаран бакъонах пайдаэца |
| Куцдош (11 с) | Куцдешнийн йукъара грамматически маьIна. Синтаксически функцеш, къамелехь ден гIуллакх. МаьIне хьаьжжина, куцдешнийн тайпанаш. Куцдешнийн дустаран даржаш. Куцдешнийн кхолладалар. Куцдош морфологически къастор. Куцдешнийн нийсайаздар: цхьаьна, дефисца, къаьстина йаздар | Къамелехь куцдешнаш довза а, дешнийн и къамелан дакъа хилар тIечIагIдан а. Куцдешнийн башхалонаш билгалйаха, маьIница уьш тайпанашка декъалуш хиларе хьаьжжина. Куцдешнийн, билгалдешнийн дустаран, тIехдаларан даржийн кепаш къасто а, уьш муха кхоллало, кхето а. Куцдешнийн цхьаьна, дефисца, къаьстина йаздар харжа. Куцдешнашна морфологически анализ йан. Къамелехь куцдашо дечу гIуллакхан башхаллаш билгалйаха. Къамелехь куцдешнех нийса пайдаэца |
| ГIуллакхан къамелан дакъош (1 с) | ГIуллакхан къамелан дакъойх йукъара кхетам. Коьрта къамелан дакъош гIуллакхан къамелан дакъойх къастор | ГIуллакхан къамелан дакъойн дешна довза; коьрта къамелан дакъойх уьш къаьсташ хиларх кхето |
| ДештIаьхье (4 с) | ДештIаьхье гIуллакхан къамелан дакъа санна. Морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. МаьIне хьаьжжина, дештIаьхьенийн тайпанаш. Кхечу къамелан дакъойх кхоллайелла дештIаьхьенаш. ДештIаьхьенийн | Текстехь пайдаэцна дештIаьхьенаш йовза. МаьIне хьаьжжина, дештIаьхьенийн тайпанаш къасто. Предложенешкахь кхечу къамелан дакъойх кхоллайеллачу дештIаьхьенех пайдаэца. ДештIаьхьенийн морфологически анализ йан. |

| | | |
|---|---|---|
| | нийсайазйиар | ДештІаьхьенаш нийсайазйаран норманаш ларйан |
| Хуттург (4 с) | Хуттурган гІуллакхан функцеш: хуттург предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенин дакъош а вовшахтосу гІирс санна. Хуттургийн тайпанаш, шайн хІоттаме хьаьжжина: цхьалхе, чолхе, хІоттаман. ХІоттаман хуттургийн нийсайазйиар. Хуттургийн тайпанаш, шайн маьІне хьаьжжина: цхьаьнакхетаран а, карара а. Хуттургашца вовшахтосучу цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІиттор. Текстан предложенеш а, дакъош а, вовшахтосучу гІирсех санна хуттургех пайдаэцар | Тайп-тайпанчу тайпанийн хуттургаш къасто. Предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенин дакъош а вовшахтосу гІирсаш санна пайдаэцна хуттургаш йовза, церан функцийн башхалонаш билгалйаха. Цхьанатайпанчу меженашна а, чолхечу предложенийн дакъошна а йукъахь хуттургийн гІоьнца дІахІоттийнчу уьйран башхалонаш билгалйаха. Предложенин цхьанатайпана меженаш а, чолхечу предложенийн дакъош а вовшахтосу гІирсаш санна текстехь хуттургаша ден гІуллакх гучудаккха а, царах оцу функцешкахь шен къамелехь пайдаэца. Хуттургашца (***а, йа***) йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІитторан норманаш ларйан. Хуттургийн морфологически анализ йан |
| Дакъалг (4 с) | Дакъалг гІуллакхан къамелан дакъа санна. Дакъалгийн тайпанаш, шайн маьІне а, пайдаэцаре а хьаьжжина. Дакъалгийн нийсайаздар. Тайп-тайпанчу къамелан дакъошца дакъалгаш дефисца а, къаьстина а йаздар | Анализан буха тІехь тайп-тайпанчу тайпанийн дакъалгаш къасто. Шен къамелехь тайп-тайпанчу дакъалгех пайдаэца. Дакъалгашца йолчу предложенийн интонацин башхаллаш билгалйаха а, иштта предложенеш нийсачу интонацица ала |

| | | |
|---|---|---|
| | | а.<br>Дакъалгаш нийсайазйаран норманаш ларйан.<br>Дакъалгийн морфологически анализ йан |
| Айдардош<br>(3 с) | Айдардашах кхетам. Къамелехь айдардешан маьIна.<br>Айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.<br>Азтардаран дешнаш.<br>Айдардешнаш интонацица а, сацаран хьаьркашца а къастор | Предложенешкахь а, текстехь а айдардешнаш довза церан функцийн анализан буха тIехь.<br>МаьIне хьаьжжина, айдардешнаш билгалдаха.<br>Шен къамелехь тайп-тайпана синхаамаш гайтархьама айдардешнех пайдаэца.<br>Азтардаран дешнийн башхаллаш а, буьйцучу маттехь, исбаьхьаллин къамелехь царах пайдаэцар а билгалдаккха.<br>Айдардешнийн морфологически анализ йан.<br>Предложенешкахь интонацица а, сацаран хьаьркашца а айдардешнаш къасторан башхаллех кхето |

## 8 КЛАСС

Йукъара масалла – 102 сахьт.
Теманаш Iаморан рагI цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.
Карладаккхар вовшахтохарна сахьтийн магийна масалла – 6 сахьт, царах дешаран шеран йуьххьехь – 3 сахьт; дешаран шеран чаккхенехь – 3 сахьт.
ЖамIдаран таллам (сочиненеш, изложенеш, талламан белхаш йукъалоцуш) вовшахтохарна а, дIабахьарна а сахьтийн магийна масалла – 13 сахьт.

| **Тематикин дакъош, теманаш** | **Коьрта чулацам** | **Дешархойн гIуллакхан коьрта тайпанаш** |
|---|---|---|
| МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА ХААМАШ (1 с) | | |
| Нохчийн мотт кавказан кхечу къаьмнийн меттанашна йукъахь | Нохчийн мотт кавказан кхечу къаьмнийн меттанашна йукъахь | Нохчийн маттах кавказан къаьмнийн меттанех цхьаннах санна кхетам хила, цунах лаьцна дийца хаа.<br>Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам |

| | | |
|---|---|---|
| | | схьахаржа |
| | МОТТ А, КЪАМЕЛ А (2 с) | |
| Къамелан тайпанаш. Монолог а, диалог а. Церан тайпанаш | Монолог-суртхIоттор, монолог-ойлайар, монолог-дийцар; Iилманан хаамца къамел дар. Диалог | Дахарехь биначу тидамийн, шен битамийн, Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолу, публицистикин литература йешаран буха тIехь барта монологически аларш хIитто (дешаран шарахь). Iилманан хаамах лаьцна къамел дан. Лингвистически теманашна а йолчу диалогехь дакъалаца (Iамийнчун барамехь) |
| ТЕКСТ (3 с) | | |
| Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Къамелан функцинальни-маьIнин тайпанаш. Текстан маьIнин анализ. Текстан хаамаш хийцар | Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Къамелан функциональни-маьIнин тайпанийн башхаллаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар). Текстан хаамаш хийцар: тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам схьахаржар; лингвистически дошамех пайдаэцар; тезисаш, конспект | Текстан анализ йан, цуьнан коьртачу билгалонашца йогIуш: темица, коьртачу ойланца, предложенийн грамматически уьйраца, маьIнин цхьааллица, гIеххьа йуьзна хиларца; текстехь предложенеш вовшахтосу кепаш а, гIирсаш а гайта; текстан анализ йан, къамелан функциональни-маьIнин тайпанан текст хиларе хьаьжжина; текстехь меттан суртхIотторан гIирсаш талла (жамI дар, дешаран шарахь). Къамелан функциональни-маьIнин тайпанийн тексташ йовза; меттан а, жанрийн а функциональни тайпанийн тексташ талла; меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а оцу хаарех пайдаэца. Текстан хаамаш хийца: тезисаш, конспект кхолла; тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам |

| | | |
|---|---|---|
| | | схьахаржа; лингвистически дошамех пайдаэца |
| МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (2 с) | | |
| ГIуллакхан стиль. ГIуллакхан стилан жанраш. Iилманан стиль. Iилманан стилан жанраш | ГIуллакхан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш. ГIуллакхан стилан жанраш (дIахьедар, кхеторан кехат, автобиографи, характеристика). Iилманан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, меттан башхаллаш. Iилманан стилан жанраш (реферат, Iилманан темина доклад). Текстехь меттан функциональни тайпанийн цхьаьнадар, текстехь предложенеш вовшахтосу гIирсаш | Меттан а, жанрийн а функциональни тайпанийн текстийн анализ йан; меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а оцу хаарех пайдаэца. ГIуллакхан стилан а, Iилманан стилан а жанрийн башхаллаш билгалйаха. ГIуллакхан стилан текстaш (дIахьедар, кхеторан кехат, автобиографи, характеристика) кхолла. Iилманан темина рефераташ а, докладаш а кхолла |
| МЕТТАН КЪЕПЕ (75 с) | | |
| СИНТАКСИС. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ПУНКТУАЦИ (1 с) | | |
| Синтаксис лингвистикин дакъа санна. Пунктуаци. Сацаран хьаьркийн функцеш | Синтаксис лингвистикин дакъа санна. Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а синтаксисан дакъош санна. Пунктуаци. Сацаран хьаьркийн функцеш | Синтаксисах лингвистикин декъах санна кхетам хилар. Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а синтаксисан дакъош санна довза. Сацаран хьаьркийн функцеш къасто. Меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а синтаксисах а, пунктуацех а долчу хаарех пайдаэца |
| ДЕШНИЙН ЦХЬАЬНАКХЕТАР (4 с) | | |
| Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан билгалонаш а. Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, | Дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта билгалонаш. Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран тайпанаш: хандешан а, цIеран а. | Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетарш довза; цIеран, хандешан; дешнийн цхьаьнакхетарехь |

| | | |
|---|---|---|
| дешнийн цхьаьнакхетаран тайпанаш.<br>Дешнийн цхьаьнакхетарехь карарчу уьйран кепаш | Дешнийн цхьаьнакхетарехь карарчу уьйран кепаш: бартбар, урхалла, тIетовжар.<br>Дешнийн цхьаьнакхетарийн синтаксически анализ | карарчу уьйран тайпа билгалдаккха: бартбар, урхалла, тIетовжар.<br>Дешнийн цхьаьнакхетарш хIитторан норманех пайдаэца.<br>Дешнийн цхьаьнакхетарийн синтаксически анализ йан.<br>Меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а синтаксисах а, пунктуацех а долчу хаарех пайдаэца |
| ПРЕДЛОЖЕНИ (70 с) | | |
| Предложени а, цуьнан коьрта билгалонаш а.<br>Предложенийн тайпанаш<br>(4 с) | Предложенин коьрта билгалонаш: маьIнин а, интонацин а йуьзна хилар, грамматически кечйиар.<br>Предложенийн тайпанаш, аларан Iалашоне хьаьжжина, (дийцаран, хаттаран, тIедожоран), эмоцин билгалоне хьаьжжина (айдаран, айдаран йоцу). Церан интонацин а, маьIнин а башхаллаш.<br>Барта а, йозанан а къамелехь предложенеш кечйиаран гIирсаш: интонаци, маьIнин тохар, сацаран хьаькаш.<br>Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (цхьалхе, чолхе).<br>Коьрта меженаш хиларе хьаьжжина, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (цхьанахIоттаман, шинахIоттаман).<br>Коьртаза меженаш хиларе хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (йаьржина, йаржаза).<br>Йуьззина а, йуьззина йоцу а предложенеш. | Предложенин коьртачу билгалонийн башхалонаш билгалйаха; барта а, йозанан а къамелехь предложенеш кечйиаран гIирсех пайдаэца; сацаран хьаькийн функцеш къасто.<br>Аларан Iалашоне, эмоцин билгалоне хьаьжжина, предложенеш йовза, церан интонацин а, маьIнин а башхаллаш, тIедожоран предложенешкахь хьадар гайтаран меттан кепаш билгалйаха.<br>Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенеш йовза.<br>Коьрта а, коьртаза а меженаш хиларе хьаьжжина, предложенеш йовза, йуьззина, йуьззина йоцу предложенеш йовза.<br>Къамелехь пайдаоьцучу масаллийн анализ йан а, йуьззина йоцчу предложенин интонацин башхаллаш гучуйаха а. Диалоган къамелехь йуьззина йоцчу |

| | | |
|---|---|---|
| | Диалоган къамелехь йуьззина йоцу предложенеш, барта къамелехь йуьззина йоцчу предложенин интонаци. ***ХIаъ, хIан-хIа*** дешнашца йолчу предложенийн грамматически а, пунктуационни а, интонацин а башхаллаш. Цхьалхе предложени хIотторан, инверсех пайдаэцаран норманаш | предложенех пайдаэца. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан; меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а синтаксисах а, пунктуацех а долчу хаарех пайдаэца. Дустарна бахьанаш къасто а, тайп-тайпана предложенеш йуста а. Тайп-тайпана предложенеш хIитто |
| ШинахIоттаман предложени. Предложенин коьрта меженаш (грамматически лард) (11 с) | Подлежащи а, сказуеми а предложенин коьрта меженаш санна. Подлежащин хиларан кепаш. Сказуемин тайпанаш а (хандешан цхьалхе, хандешан хIоттаман, цIеран хIоттаман), сказуемин хиларан кепаш а. Подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире | Подлежащин хиларан кепаш, сказуемин тайпанаш а, сказуемин хиларан кепаш а билгалйаха. Цхьалхе предложени хIотторан норманийн анализ йан а, царах пайдаэца а, инверсех пайдаэцаран масаллийн анализ йан. Сказуемино подлежащица бартбаран норманех пайдаэца. Подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йилларан масаллийн анализ йан. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан |
| Предложенин коьртаза меженаш (18 с) | Предложенин коьртаза меженаш, церан тайпанаш. Къастам предложенин коьртаза меже санна. Берта а, бертаза а къастамаш. Йуххедиллар къастаман шатайпа кеп санна. Кхачам предложенин коьртаза меже санна. Нийса а, лач а кхачамаш. Латтам предложенин коьртаза меже санна. Латтамийн тайпанаш (меттиган, хенан, бахьанин, Iалашонан, | Предложенин коьртазчу меженийн тайпанаш къасто (берта а, бертаза а къастамаш, йуххедиллар къастаман шатайпа кеп санна; нийса а, лач а кхачамаш, латтамийн тайпанаш). Чолхейовлаза цхьалхе предложенеш йовза. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан. Дустарна бахьанаш къасто а, тайп-тайпана предложенеш тайп- |

| | | |
|---|---|---|
| | даран суьртан, дуьхьалара, бехкаман, бараман) | тайпанчу коьртазчу меженашца йуста а. Тайп- тайпанчу коьртазчу меженашца предложенеш хIитто |
| ЦхьанахIоттаман предложенеш. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш (11 с) | ЦхьанахIоттаман предложенеш, церан грамматически билгалонаш. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш: цIеран, билгала-йуьхьан, билгалза-йуьхьан, йукъара-йуьхьан, йуьхьза предложенеш. ЦхьанахIоттаман предложенийн а, шинахIоттаман йуьззина йоцчу предложенийн а грамматически башхаллаш. Къамелан тайп-тайпанчу стилашкахь цхьанахIоттаман предложенех пайдаэцаран башхаллаш | ЦхьанахIоттаман предложенеш, церан грамматически билгалонаш, коьрта меже билгалйаккхаран морфологически гIирсаш бовза. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш къасто (цIеран предложенеш, билгала-йуьхьан предложенеш, билгалза-йуьхьан предложенеш, йукъара-йуьхьан предложенеш, йуьхьза предложенеш). ЦхьанахIоттаман предложенийн а, шинахIоттаман йуьззина йоцчу предложенийн а грамматически башхаллаш билгалйаха. Тайп-тайпана цхьанахIоттаман предложенеш хIитто. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан; меттан тайп-тайпана анализ кхочушйарехь а, къамелехь а синтаксисах а, пунктуацех а долчу хаарех пайдаэца. Къамелехь цхьанахIоттаман предложенех пайдаэцаран масаллийн анализ йан, цхьанахIоттаман предложенех пайдаэцаран башхаллаш гучуйаха |
| Чолхейаьлла цхьалхе предложени. Цхьанатайпанчу | Предложенин цхьанатайпана меженаш, церан билгалонаш, вовшахтосу гIирсаш. | Предложенийн цхьанатайпанчу меженийн билгалонийн а, уьш вовшахтосучу |

| | | |
|---|---|---|
| меженашца йолу предложенеш (6 с) | Предложенин цхьанатайпанчу меженийн уьйр: хуттургаш йолу а, хуттургаш йоцу а. Интонаци, сацаран хьаьркаш. Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш. Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш долу предложенеш. Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш долчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш. Йух-йуха йалочу ***а, йа*** хуттургашца йозучу цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш | гIирсийн а (хуттургаш йолу а, хуттургаш йоцу а уьйр) башхалонаш билгалйаха. Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш бовза. Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дешнаш схьакаро; тайп-тайпанчу кепара йолу цхьанатайпана меженаш цхьаьнайалорах къамелехь пайдаэцаран башхаллех кхета. Дустарна бахьанаш къасто а, цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш буста а. Цхьанатайпанчу меженашца предложенеш хIитто. Цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош лаха. Тайп-тайпанчу кепара йолу цхьанатайпана меженаш цхьаьнайалорах къамелехь пайдаэцаран башхаллаш гучуйаха а, царах кхета а. Йух-йуха йалочу ***а, йа*** хуттургашца йозучу цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш а, цхьанатайпанчу меженашца йукъара дош долчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш а хIитторан норманех пайдаэца. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан |
| Шакъаьстинчу меженашца йолу предложнеш. Шакъаьстинчу меженийн тайпанаш | Шакъастар. Шакъаьстинчу меженийн тайпанаш: шакъаьстина къастамаш, шакъаьстина йуххедилларш, шакъаьстина латтамаш. | Предложенин шакъаьстинчу меженийн тайпанаш къасто, бертачу а, бертазчу а къастамийн, йуххедилларийн, латтамийн, латтаман |

| | | |
|---|---|---|
| (8 с) | Латтамийн дурсаш. Бертачу а, бертазчу а къастамийн, йуххедилларийн, латтамийн, латтаман дурсийн шакъастаран норманаш | дурсийн шакъастаран масаллийн анализ йан. Бертачу а, бертазчу а къастамийн, йуххедилларийн, латтамийн, латтаман дурсийн шакъастаран норманех пайдаэца. Дустарна бахьанаш къасто а, тайп-тайпанчу шакъаьстинчу меженашца а, латтаман дурсашца а йолу предложенеш йуста а. Тайп-тайпанчу шакъаьстинчу меженашца а, латтаман дурсашца а предложенеш хIитто. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан |
| ТIедерзаршца, йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца йолу предложенеш. ТIедерзар. Йукъайало конструкцеш. ЙукъахIитто конструкцеш (6 с) | ТIедерзар. Даьржина а, даржаза а тIедерзар. Йукъайало конструкцеш. МаьIне хьаьжжина, йукъайалочу конструкцийн тайпанаш: тешна хилар йа цахилар, тайп-тайпана синхаамаш, хаам хьаьнгара бу, ойланийн рогIалла а, церан уьйр а, кечйаран кепаш а гойтучу маьIнехь йукъадало дешнаш. ЙукъахIитто конструкцеш. Предложенин меженех тера догIуш долу йукъадало дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш. Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзаршца (даьржина а, даржаза а), айдардешнашца йолу предложенеш хIитторан норманаш. Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзаршца, | МаьIне хьаьжжина, йукъадалочу дешнийн тайпанаш къасто. Йукъайало а, йукъахIитто а конструкцеш къасто. Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцех, тIедерзарех, айдардешнех къамелехь пайдаэцаран башхаллаш гучуйаха, царах а, церан функцех а кхета. Предложенин меженех тера догIуш долу йукъадало дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш гучудаха. Йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, тIедерзаршца (даьржинчу а, даржазчу а), айдардешнашца йолу предложенеш хIитторан норманех а пайдаэца. ТIедерзарца, |

| | | |
|---|---|---|
| | айдардешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш. Предложенийн синтаксически а, пунктуационни а анализ | йукъайалочу а, йукъахIитточу а конструкцешца, айдардешнашца чолхейевлла цхьалхе предложенеш йовза. Дустарна бахьанаш къасто а, тайп-тайпанчу йукъайалочу конструкцешца йолу предложенеш йовза. Предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан |
| Ма-дарра а, лач а къамел. Цитировани (6 с) | Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенийн цхьаьнадогIург. Цитаташ. Алар йукъа цитаташ йалоран кепаш. Ма-дарра а, лач а къамелаца предложенеш хIитторан норманаш; ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенешкахь, цитаташ йалорехь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш | Ма-дарра а, лач а къамел довза; ма-дарра а, лач а къамелаца йолчу предложенийн цхьаьнадогIург гучудаккха. Цитаташ йало а, алар йукъа цитаташ йалоран тайп-тайпанчу кепех пайдаэца а хаа. Ма-дарра а, лач а къамелаца предложенеш хIитторан, цитаташ йалоран норманех пайдаэца |

## 9 КЛАСС

Йукъара масалла – 68 сахьт.
Теманаш Iаморан рагI цхьана классан гурашкахь хийца йиш йу.
Карладаккхар вовшахтохарна сахьтийн магийна масалла – 6 сахьт, царах дешаран шеран йуьххьехь – 3 сахьт; дешаран шеран чаккхенехь – 3 сахьт.

ЖамIдаран таллам (сочиненеш, изложенеш, талламан белхаш йукъалоцуш) вовшахтохарна а, дIабахьарна а сахьтийн магийна масалла – 12 сахьт.

| **Тематикин дакъош, теманаш** | **Коьрта чулацам** | **Дешархойн гIуллакхан коьрта тайпанаш** |
|---|---|---|
| МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА КХЕТАМ (2 с) | | |
| Нохчийн Республикехь нохчийн матто кхочушден гIуллакх.<br>Нохчийн мотт вайн заманан дуьненахь.<br>Вайн заманан нохчийн литературин меттан норманаш | Нохчийн Республикехь нохчийн матто кхочушден гIуллакх.<br>Нохчийн мотт вайн заманан дуьненахь | Адаман, республикин, йукъараллин дахарехь а нохчийн матто кхочушдечу гIуллакхах кхеташ хила. Нохчийн меттан хьал а, исбаьхьалла а гойту масалш дало.<br>Вайн заманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан |
| МОТТ А, КЪАМЕЛ А (2 с) | | |
| Барта а, йозанан а, монологически а, диалогически а къамел, полилог (карладаккхар).<br>Къамелан гIуллакхан кепаш: дийцар, йоза, ладогIар, йешар | Барта а, йозанан а, монологически а, диалогически а къамел, полилог (карладаккхар).<br>ЛадогIаран кепаш: харжаман, довзийтаран, дуьхенгара.<br>Йешаран кепаш: Iаморан, довзийтаран, хьажаран, лехаман.<br>Дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна, суьрташна, иллюстрацешна, чулацаман суьртана тIе а тевжаш, теме а, тIекаренан хьелашка хьаьжжина, тайп-тайпана коммуникативни хьажам болу барта а, йозанан а аларш кхоллар (цу йукъахь сочиненеш-миниатюраш а).<br>Йешначу йа ладоьгIначу текстан чулацам ма-барра, хоржуш, бацбина схьабийцар.<br>Къамелан практикехь барта а, йозанан а аларш кхолларехь нохчийн литературин меттан норманаш | Дустарна бахьанаш къасто а, къамелан барта а, йозанан а кепаш, монологически а, диалогически а къамел дуста а.<br>Тидамийн, шен битамийн, Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, Iилманан-кхетаме йолу литература йешаран буха тIехь барта монологически аларш хIитто; Iилманан хаамах лаьцна къамел дан (дешаран шарахь).<br>Диалогически а, полилогически а къамел дарехь дакъалаца (дешаран шарахь).<br>Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн Iилманан-дешаран, исбаьхьаллин, публицистикин текстийн ладогIаран тайп-тайпана кепаш карайерзо (дешаран шарахь).<br>Йешаран тайп-тайпана кепаш карайерзо (дешаран шарахь). |

| | | |
|---|---|---|
| | (орфоэпически, лексически, грамматически, стилистически, орфографически, пунктуационни) ларйар.<br>Дешаран книгица, лингвистически дошамашца, справочни литературица болх баран кепаш | Йозанехь а, барта къамелехь а вайзаманан нохчийн литературин меттан норманаш ларйан.<br>Дешаран книгица, лингвистически дошамашца, справочни литературица болх баран кепех пайдаэцар |
| ТЕКСТ (2 с) | | |
| Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а (жамIдар).<br>Къамелан функцинальни-маьIнин тайпанаш (жамIдар).<br>Текстан маьIнин анализ (жамIдар).<br>Текстан хаамаш хийцар | Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а<br>Текстехь къамелан тайп-тайпана функциональни-маьIнин тайпанаш цхьаьнадар.<br>Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанех йолчу тексташкахь меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцаран башхаллаш.<br>Текстан хаамаш хийцар: тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам схьахаржар; лингвистически дошамех пайдаэцар | Текстан анализ йан: текстан коьрта тема а, ойла а къасто а, царах кхето а; текстан коьрта тема йа ойла гойтуш йолу цIе харжа.<br>Текстан къамелан функциональни-маьIнин тайпа къасто.<br>Текстехь тайпаналлин дакъош схьакаро – суртхIоттор, дийцар, ойлайар-тIечIагIдар, мах хадоран аларш.<br>Тайп-тайпанчу жанрашкахь йолчу текстийн къастаман билгалонаш гучуйаха.<br>Текстан буха тIехь алар кхолла: йешначуьнца йа ладоьгIначуьнца шен йолу йукъаметтиг барта а, йозанан а кепехь схьагайта.<br>Тайп-тайпанчу хьостанашкара хаам схьахаржа, цу йукъахь лингвистически дошамашкара а, справочни литературера а, дешаран гIуллакххехь цунах пайдаэца.<br>Къамелан тайп-тайпанчу функциональни-маьIнин тайпанийн ладоьгIначу а, йешначу а текстийн чулацам ма-барра, бацбина схьабийца барта а, йозанан а кепехь (дешаран шарахь) |

| | | |
|---|---|---|
| | | Шен/кхечу дешархоша кхоьллина teксташ тайан, церан чулацам кхачаме балоран Iалашонца (бакъ йолу материал таллар, текстан йуьхьанцара маьIнин анализ – маьIнин цхьаалла, дозуш хилар, хаам хилар) |
| МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (3 с) | | |
| Вайн заманан нохчийн меттан функциональни тайпанаш. Исбаьхьаллин литературин мотт а, вайн заманан нохчийн меттан тайпанех иза къаьсташ хилар а. Iилманан стиль | Нохчийн меттан функциональни тайпанаш: буьйцу мотт, функциональни стилаш: Iилманан (Iилманан-дешаран), публицистикин, гIуллакхан; исбаьхьаллин литературин мотт (карладаккхар, жамI дар). Исбаьхьаллин литературин мотт а, вайн заманан нохчийн меттан тайпанех иза къаьсташ хилар а. Исбаьхьаллин меттан коьрта башхаллаш: васт хилар, гайтаран-исбаьхьаллин гIирсех а, ткъа иштта меттан кхечу функциональни тайпанийн меттан гIирсех а шуьйра пайдаэцар. Нохчийн меттан коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гIирсаш, къамелехь царах пайдаэцар (метафора, эпитет, дустар, гипербола, олицетворени). ГIуллакхан стиль. Пайдаэцаран гуо, функцеш, къамел даран тайпаналлин хьелаш, къамелан декхарш, меттан гIирсаш. Iилманан стилаш коьрта жанраш: тезисаш, конспект, реферат, рецензи | Исбаьхьаллин литературин меттан къастаман башхаллаш меттан кхечу функциональни тайпанашца йустарца гучуйаха а, церан башхалонаш билгалйаха а. Нохчийн меттан коьрта суртхIотторан гIирсаш (метафора, олицетворени, эпитет, гипербола, дустар, и.д.кх.) бовза а, церан башхалонаш билгалйаха а. Iилманан стилан меттан къастаман башхаллаш гучуйаха меттан кхечу функциональни тайпанашца а, кхечу функциональни стилашца а йустарца. Iилманан стилан текcташ кхолла, церан чулацаман, дIахIоттаман лехамех долчу хааршна тIе а тевжаш. Iилманан-дешаран текстан чулацаман анализ йан а, цуьнан хаамащ хийцар кхочушдан а: текстехь коьрта а, коьртаза а хаам схьакъасто. Iилманан-дешаран текстан чулацам таблицин, схемин кепехь схьагайта |

| МЕТТАН КЪЕПЕ | | |
|---|---|---|
| СИНТАКСИС. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ПУНКТУАЦИ (41 с) | | |
| Чолхе предложени (1 с) | Чолхечу предложенех кхетам (карладаккхар). Чолхечу предложениийн тайпанаш. Чолхечу предложенин дакъойн маьӀнин, дӀахӀоттаман, интонацин цхьаалла | Чолхечу предложенин дакъошна йукъа синтаксически уьйр тосучу коьртачу гӀирсийн анализ йан. Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложенеш, хуттургаш йоцу а, хуттургаш йолу а (чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара) предложенеш йовза а, церан башхалонаш билгалйаха а |
| Чолхе-цхьаьнакхетта предложени (9 с) | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех а, цуьнан хӀоттамах а кхетам. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъош вовшахтосу гӀирсаш. Предложенин дакъошна йукъахь тайп-тайпана маьӀнин уьйраш йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн интонацин башхаллаш. Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцар. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хӀотторан норманаш; чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хӀитторан норманаш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн синтаксически а, пунктуационни а анализ | Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин, цуьнан хӀоттаман, чолхечу предложенин дакъойн маьӀнин, дӀахӀоттаман, интонацин цхьааллин башхалонаш билгалйаха. Дустарна бахьанаш къасто а, чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъошна йукъара маьӀнин йукъаметтигаш, дакъошна йукъахь тайп-тайпана маьӀнин уьйраш йолчу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн интонацин башхаллаш йуста а. Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хӀотторан коьрта норманаш ларйан. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь |

| | | |
|---|---|---|
| | | сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца |
| Чолхе-карара предложени (22 с) | Чолхе-карарчу предложенех кхетам. Предложенин коьрта а, тIетуху а дакъош. Хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а. Карарчу хуттургийн а, хуттургийн дешнийн а башхаллаш. Чолхе-карарчу предложенийн тайпанаш, коьртачу а, тIетухучу а дакъошна йукъарчу маьIнин башхаллашка, дIахIоттаме, уьйран синтаксически гIирсашка хьаьжжина. Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хилар. Къастаман тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Кхачаман тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Латтамийн тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Хенан тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Бахьанин, Iалашонан тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Бехкаман тIетухучу предложенешца йолу чолхе-карара предложенеш. Даран суьртан, бараман тIетухучу предложенешца йолу | Чолхе-карара предложенеш йовза, предложенин коьрта а, тIетуху а дакъош, чолхе-карарчу предложенин дакъош вовшахтосу гIирсаш къасто. Карара хуттургаш, хуттургийн дешнаш довза а, церан башхалонаш билгалйаха а. Масех тIетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш, къастаман, кхачаман, латтамийн (хенан, бахьанин, даран суьртан, бараман, бехкаман, Iалашонан) тIетухучу декъаца йолу чолхе-карара предложенеш йовза а, церан башхалонаш билгалйаха а. Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хиларх кхета; къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца. Чолхе-карара предложени хIотторан коьрта норманаш ларйан, къамелехь чолхе-карарчу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета. Чолхе-карарчу предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан. Чолхе-карара предложенеш хIитторан а, цу предложенешкахь |

| | | |
|---|---|---|
| | чолхе-карара предложенеш. Чолхе-карара предложени хIотторан норманаш. Масех тIетухучуьнца йолу чолхе-карара предложенеш. Чолхе-карарчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманаш. Чолхе-карарчу предложенийн синтаксически а, пунктуационни анализ | сацаран хьаьркаш хIитторан а норманех пайдаэца. Чолхе-карарчу предложенех цхьалхе предложенеш йан а, цхьалхечу предложенех чолхе предложенеш йан а, маьIна а ца хуьйцуш |
| Хуттургаш йоцу чолхе предложени (9 с) | Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех кхетам балар. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин дакъошна йукъара маьIнин йукъаметтигаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин тайпанаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех къамелехь пайдаэцар. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а, хуттургаш йолу чолхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хилар. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш дагардаран маьIница. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь цIоьмалг а, цIоьмалгаца тIадам а. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш бахьанин, кхеторан, тIедузаран маьIнашца. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь шитIадам. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш дуьхьалара, хенан, бехкаман, тIаьхьалонан маьIнашца. Хуттургаш йоцчу чолхечу | Дустарна бахьанаш къасто а, хуттургаш йоцчу чолхечу предложенин дакъошна йукъара маьIнин йукъаметтигаш а, уьш интонацица, сацаран хьаьркашца къастор а дуста. Хуттургаш йоцу чолхе предложени хIотторан коьрта грамматически норманаш ларйан, къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан. Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш а, хуттургаш йолу чолхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хилар гучудаккха, къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь сацаран хьаьркаш |

| | | |
|---|---|---|
| | предложенехь тире. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн синтаксически а, пунктуационни анализ | хIитторан норманех пайдаэца |

## 5-чу классехь нохчийн мотт хьехаран шеран рузманан хьесапаш
## 2022-2023 дешаран шо.      ( 102 с.)

| РагI | Декъан ц1е. Урокан ц1е | Сахьт | Интернетан ресурсаш | Хан | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Хьалхара четверть (26с.) (Д-2с; Изл.-1с.)** | | | **планаца** | **билггал** |
| | **МАТТАХ ЛАЬЦНА ЙУКЪАРА ХААМАШ (2 с)** | | | | |
| 1 | Нохчийн меттан хьал а, исбаьхьалла а | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 2 | Лингвистика маттах лаьцна 1илма санна. Лингвистикин коьрта дакъош. | 1 | Урокан план | | |
| | **МОТТ А, КЪАМЕЛ А (2 с)** | | | | |
| 3 | Мотт а, къамел а. Монолог. Диалог. Полилог | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 4 | Мотт г1уллакхдаран санна | 1 | https://urok 95.ru | | |
| | **ТЕКСТ (4 с)** | | | | |
| 5 | Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Текстан композиционни д1ах1оттам | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 6 | Къамелан функциональни-маьIнин тайпанаш | 1 | Урокан план | | |
| 7 | Дийцар къамелан тайпа санна. Дийцар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 8 | Текстан маьIнин анализ. Текстан хаамаш хийцар | 1 | https://urok 95.ru | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **9** | **ТАЛЛАМАН БОЛХ «Бекъа»** | **1** | Урокан план | | |
| | **МЕТТАН ФУНКЦИОНАЛЬНИ ТАЙПАНАШ (2 с)** | | | | |
| 10 | Меттан функциональни тайпанаш (йукъара кхетам) | 1 | Урокан план | | |
| 11 | Меттан функциональни тайпанаш т1еч1аг1дар | 1 | Урокан план | | |
| | **МЕТТАН КЪЕПЕ (33 с)** | | | | |
| | **ФОНЕТИКА. ГРАФИКА. ОРФОЭПИ (11 с)** | | | | |
| 12 | Фонетика а, графика а лингвистикин дакъош санна | 1 | https://infourok.ru | | |
| 13 | Аз меттан дакъа санна. Озан маьIна къасторан гIуллакх | 1 | https://infourok.ru | | |
| 14 | Нохчийн меттан мукъачу аьзнийн система | 1 | https://infourok.ru | | |
| 15 | Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн система | 1 | https://infourok.ru | | |
| 16 | Къамелан дарехь аьзнийн хийцадалар. Фонетически транскрипцин элементаш | 1 | https://infourok.ru | | |
| 17 | «Ден весет» ц1е йолу изложенина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **18** | **ИЗЛОЖЕНИ «Ден весет»** | **1** | Урокан план | | |
| 19 | Дешдакъа. Тохар | 1 | https://infourok.ru | | |
| 20 | Аьзнаш, элпаш цхьаьнадар | 1 | https://infourok.ru | | |
| 21 | Нохчийн алфавитан хIоттам | 1 | https://infourok.ru | | |
| 22 | Дош фонетически къастор. | 1 | Урокан план | | |
| 23 | Орфоэпи лингвистикин дакъа санна. | 1 | https://desharkho.ru/ | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 24 | Интонаци, цуьнан функцеш. Интонацин коьрта элементаш | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| | **ОРФОГРАФИ (2 с)** | | | | |
| 25 | Орфографи лингвистикин дакъа санна. Й элпан нийсайаздар | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| **26** | **ТАЛЛАМАН БОЛХ «Зайнди»** | **1** | Урокан план | | |
| | **Шолг1а четверть (23с) Д.-1с.; Изл.-1с.** | | | | |
| 27 | Къасторан ъ, ь хьаьркийн нийсайаздар | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| | **ЛЕКСИКОЛОГИ (7 с)** | | | | |
| 28 | Лексикологи лингвистикин дакъа санна | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 29 | Дош – меттан коьрта дакъа. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 30 | Дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 31 | Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 32 | Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 33 | Лексически дошамийн тайпанаш а (маьIнин дошам, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамаш),ненан меттан дешнийн хьал карадерзорехь цара ден гIуллакх а. | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 34 | Ц1ена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 35 | «Майра хьаша» ц1е йолу изложенина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **36** | **ИЗЛОЖЕНИ «Майра хьаша»** | **1** | Урокан план | | |
| | **ФРАЗЕОЛОГИ ((3 с)** | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 37 | Фразеологизмаш, церан маьIна, царах пайдаэцар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 38 | Фразеологически эквиваленташ оьрсийн маттахь | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 39 | Фразеологически дошамаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| | **ДЕШАН Х1ОТТАМ А, ДОШКХОЛЛАДАЛАР А (10 с)** | | | | |
| 40 | Морфема меттан уггар жима маьIне дакъа санна | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 41 | Дешан лард | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 42 | Морфемийн тайпанаш: орам | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 43 | Морфемийн тайпанаш: дешхьалхе | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 44 | Морфемийн тайпанаш: суффикс | 1 | Урокан план | | |
| 45 | Морфемийн тайпанаш: чаккхе | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 46 | Цхьанaораман (гергара) дешнаш | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| 47 | Нохчийн маттахь дешнаш кхолладаларан коьрта кепаш | 1 | https://desharkho.ru/ | | |
| **48** | **ТАЛЛАМАН БОЛХ «1а"** | **1** | Урокан план | | |
| 49 | Дешнаш кхолладаларехь а, хийцадаларехь а морфемашкахь мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн хийцадалар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| | **Кхоалг1а четверть (30с.) Д.-1с.; Соч.-1с.; Изл.-1с.** | | | | |
| 50 | Дешнийн морфемни анализ | 1 | Урокан план | | |
| | **МОРФОЛОГИ. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ОРФОГРАФИ (14 с)** | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 51 | Морфологи лингвистикин дакъа санна | 1 | Урокан план | | |
| | **ЦIЕРДОШ (13 с)** | | | | |
| 52 | ЦIердош къамелан дакъа санна | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 53 | ЦIердешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цIердешан гIуллакх | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 54 | Долахь а, йукъара а цIердешнаш. Долахь цIердешнийн нийсайаздар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 55 | ЦIердешнийн грамматически классаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 56 | ЦIердешнийн терахь | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 57 | Цхьаллин йа дукхаллин терахьан бен кеп йоцу цIердешнаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 58 | ЦIердешнийн легарш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 59 | ЦIердешнийн легарш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 60 | Дожарийн маьIна | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 61 | Дожарийн маьIна | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 62 | «Хьарамло» ц1е йолу сочиненина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **63** | **СОЧИНЕНИ «Хьарамло»** | **1** | Урокан план | | |
| 64 | ЦIердешнаш кхолладаларан некъаш | 1 | https://infourok.ru | | |
| 65 | ЦIердешнашца ца нийсайаздар | 1 | https://infourok.ru | | |
| 66 | ЦIердешнаш морфологически къастор | 1 | https://infourok.ru<br>Урокан план | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **СИНТАКСИС. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ПУНКТУАЦИ (27 с)** | | | | |
| | **ДЕШНИЙН ЦХЬАЬНАКХЕТАР (7 с)** | | | | |
| 67 | Синтаксисах лаьцна кхетам | 1 | https://infourok.ru | | |
| 68 | Пунктуацех лаьцна кхетам | 1 | https://infourok.ru | | |
| 69 | Сацаран хьаьркаш а, церан функцеш а | 1 | https://infourok.ru | | |
| 70 | Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а синтаксисан дакъош санна | 1 | https://infourok.ru | | |
| 71 | Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан билгалонаш а | 1 | https://infourok.ru | | |
| 72 | Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта тайпанаш (цIеран а, хандешан а) | 1 | https://infourok.ru | | |
| 73 | Коьртачу дешан морфологически билгалонашка хьаьжжина, дешнийн цхьаьнакхетаран коьрта тайпанаш (цIеран а, хандешан а) | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 74 | «Оьзда мотт» ц1е йолу изложенина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **75** | **ИЗЛОЖЕНИ «Оьзда мотт»** | **1** | Урокан план | | |
| | **ЦХЬАЛХЕ ШИНАХ1ОТТАМАН ПРЕДЛОЖЕНИ (20 с)** | | | | |
| 76 | Предложени а, цуьнан билгалонаш а | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 77 | Предложенийн тайпанаш, аларан Iалашоне а, эмоцин билгалоне а хьаьжжина. | 1 | https://desharkho.ru | | |
| **78** | **ТАЛЛАМАН БОЛХ «Г1иллакх»** | **1** | Урокан план | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 79 | Дийцаран предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш | 1 | https://desharkho.ru | | |
| | **Йоьалг1а четверть (23с.) Д.-1с.; Соч.-1с.; Изл.-1с.** | | | | |
| 80 | Хаттаран предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 81 | ТIедожоран предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 82 | Айдаран а, айдаран йоцчу а предложенийн маьIнин а, интонацин а башхаллаш | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 83 | Предложенин чаккхенехь сацаран хьаьркаш | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 84 | Интонаци | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 85 | «Оьздангалла» ц1е йолу сочиненина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **86** | **СОЧИНЕНИ «Оьздангалла»** | **1** | Урокан план | | |
| 87 | Сказуемин подлежащица барт хилар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 88 | Сказуемин подлежащица барт хилар | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 89 | Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 90 | Йаьржина а, йаржаза а предложенеш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 91 | Предложенин коьртаза меженаш | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 92 | Къастам а, и гайтаран гIирсаш а | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 93 | Кхачам а (нийса а, лач а), и гайтаран тайпаналлин гIирсаш а | 1 | https://urok 95.ru | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 94 | Латтам, и гайтаран тайпаналлин гIирсаш (Iамийнчун барамехь), маьIне хьаьжжина, латтамийн тайпанаш. | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 95 | «Къинхетам» ц1е йолу изложенина кечам бар. | 1 | Урокан план | | |
| **96** | **ИЗЛОЖЕНИ «Къинхетам»** | **1** | Урокан план | | |
| 97 | Предложенин цхьанатайпана меженаш, къамелехь цара деш долу гIуллакх | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 98 | ТIедерзарца йолу предложени | 1 | https://urok 95.ru | | |
| 99 | Диалог | 1 | https://desharkho.ru | | |
| 100 | Цхьалхечу предложенин синтаксически къастам | 1 | https://desharkho.ru | | |
| **101** | **ТАЛЛАМАН БОЛХ «1алам»** | **1** | Урокан план | | |
| 102 | Шеран жам1 даран урок | 1 | Урокан план | | |
| **Дерриге** | | **102** | | | |